

MINAMATO YEMAZUVA ESE

CHINYORWA

3

Chikunguru, Nyamavhuvhu, Gunyana

2024

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA

KWETE KUTENGESWA

IRI BHIKU SATO BRADHARWA
NEVATAKABATANA NAVO SAKA
RINOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAUDZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT NA BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese.

Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).

**Zvirevo 13:22**

Munhu akanaka achasiyira vana vana vake nhaka. Asi pfuma yemutadzi inochengeterwa vakarurama

Vhesi redu ranhasi riri kutidzidzisa kuti mwanakomana anoteerera anofanirwa kuwana nhaka yababa vake, ichi wanikwa zvakare nevazukuru! Cherechedza kuti Erisha paakangodaidzwa chete akabva akoshesa hutungamiri hwemuporofita Eri, zvekuti amukudza salshe wake. Naizvozvo hukama hwevaviri ava hwakange huri hwalshe nemuranda wake, Uye Erisha aidaidza Eri salshe wake murwendo rwehupenyu hwavo rwese. Chokwadi ndechekuti Erisha akazviita muranda waEri!

Funga kuoma kwazvakange zvakaita apo Erisha akange avekuda zvaka-petwa kaviri zvakange kuti mhinduro yaakawana ndeyekuudzwa kuti zvakange zvakaoma kuti zvinhu zvakadaro zviitike. Hazvaiita kuti Ishe ape nhaka yake kumuranda, saka zvakange zvakaoma kuti Eri ape Erisha zvaakange akumbira. Asi Eri haana kukurumidza kuramba chikumbiro ichi akamuudza zvekuita sezvo akamuti, "Ukandiona ndichienda," zvawakumbira zvichava zvako! Asi panguva apo Erisha akazoziva kuti Eri akange ari baba vake kwete Ishe vake, ndipo paakawana zvakange zviru zvaEri kakapetwa semwanakomana waEri. Ndirikukukurudzira kuti uzive kuti uri ani kuitira kuti ugowana nhaka yako semwanakomana.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti ndiri waani, ndiri mwana waMwambo uye ropa rangu nderehumambo. Handitambudzike kana kupemha kuti ndiwane chekudya. Ndine simba pamusoro pehurwere nematenda nguva dzese nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 37:25

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Obadiah, Mapisarema 82-83

**Mapisarema 69:9**

Nokuti kushingairira imba yenyu kwakandipedza; Nokushora kwavanokushorai kwakawira pamusoro pangu.

Chokwadi chiripo ndechekuti unofanira kuva nenzara yekuziva nekuita zvinodiwa naMwari kuti ubudirire muhushumiri. Wakambosvika here pachinhano chekushingirira kutsvaka nekuteverera zvinhu zvemweya? MaKristu akawanda anoda kuratidza simba raMwari, anoda kubudirira pazviri, asi haadi kutevedzera zvinodiwa kuti abudirire pazvinhu zvemweya. Kana uchida kushandiswa naMwari zvakanyanya, zvipe nguva uina Mwari nekutevedzera zvese zvinodiwa kuti uite kuti uwane simba ravo richishanda mauri.

Wedzera nguva yako yekunyengetera kubva pa awa uye uwane nguva yekuverenga bhaibheri rako nguva dzese, pane kuzoritsvaga wave kuenda kusvondo. Unofanirwa kuziva shoko raMwari kuitira kuti uzive zvinodiwa naMwari pamusoro pehupenyu hwako. Zivikanwa semunhu asingapotse kuenda kusvondo kana kuungano yevatsvene vaMwari, ndinokuvimbisa kuti hupenyu hwako hunobwinya, mugore rino remukaka nehuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muzodziwa waMwari, uye ndinezenze rekuita basa raShe! Ndichakuramunezvese zvehupenyu hwangu. Ndakasanangurwa kuti ndiite basa raShe nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 2:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 1-4



Ruka 13:14

Zvino mukuru we sinagogu akatsamwa nokuti Jesu wakaporesa nemusi wesabata akapindura akati kuvanhu vazhinji, mazuva matanhatu aripo anofanira kubatwa nawo wuyai muporeswe asi musauya musi wesabata.

Kune vatendi nevanhuwo zvavo vachakubvunza pamusoro pezvinenge zvichiitwa naMwari muhupenyu hwaako. Vanhu ava vanobvunza kuti sei urikuropafadzwa, kubudirira kana kupenya ivo pasina zvinenge zvichiitkawo kwavari. Vanogona kubvunza kuti sei wanano yako nemhuri yako zvichibudirira zvavo zvisinga budirire? Uye kuti sei uchiwana ma contract ebaso ivo vasingaawane, sei urikusimudzirwa uye sei uchikokwa kuti uparidza ivo vasingakokwe? Mibvunzo inoramba ichingouya nguva dzese. Saka ndoda kuti upangwarire ipapo.

Chionaka zvandiri kutaura. Muvhesi redu ranhasi, vanhu vakatanga kutsvaga mhosva yekuti sei mukadzi akaporeswa naJesu akange aporeswa nemusi wesabata nezvimwewo zvizhinji zvakavakange vakudonongedza pane kuti vapemberere naye. Rega nditi kune avo vanofunga kuti Mwari anoda mvumo kubva kwavari yekuti vakusimudze, vachashamiswa nekusimudzirwa kwauchaitwa! Mwari havatsvage mvumo kubva kune munhu nekuti vanokuropafadza uchibuda uye nekudzoka kwako. Usaterere zvanotaura iwe, chako kungokoshesa zvinenge zvichifungwa naMwari pamusoro pako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mhuri yangu yakaropafadzwa, bhizimusi rangu rakaropafadzwa vana vangu vakaropafadzwa uye hushumiri hwangu hwaropafadzwa, hakuna anokwanisa kuzvidzosera mumashure! Nbiri kunaShe! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 12:10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 5-8

**VaHeberu 6:12**

Kuti murege kuva nehusimbe, asi muve vateveri vaivo vanodya nhaka yezvipikirwa nenzira yokutenda nokutsungirira.

Paunoshanyira nzvimbo dzekudyira dzakaita seMcDonalds kana KFC, unona vatengi vachibatwa zvakasiyana uye nenguva dzakasiyana zvichienderana nezvavanenge vatenga. Mutengi wenhango mbiri dzenyama yehuku kana kufibhanzi rine nyama anokurumidza kupihwa zvaanenge atenga. Asi ukatenga nhengo dzakawanda dzenyama yehuku unotombomiswa parutivi vabiki vachikugadzirira zvaunenge watenga. Nei zvichidaro? Inyaya chete yekuti zvaunenge wakatenga zvinenge zvakakosha zvichidawo nguva yekareba yekuti zvigadzirwe uye zvi-

chigadzirwa zvakanaka.

Ukaona panyama vanhu vachitora nguva yakareba vachigadzira zvakakosha sezvinoitika kuKFC kana McDonalds, ko zvepamweya zvinoitawo sei! Kana uchida kuwana mudzimai akakosha, anehuchenjeri uye anotywa Mwari uye akanaka ndinokukurudzira kuti usamhanye, tsungirira. Unofanirwa kuti uvenekutenda munaMwari uchigona zvakare kutsungirira. Mwari varikugadzira zvinhu zvako zvakakosha, zvichakonzeresa kuti ubudirire zvakanyanya mugore rino remukaka nehuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Vavengi vangu havana chimwe chavachagona kuita asi-kubvuma kuti ndine fevha yaMwari pandiri. Ndichaseka pekupedzisira; Ndirikubuda padambudziko rese nezvese zvanga zvichindinetsa zvinodadisa zvinopa mbiri kuna Mwari, nezita guru raJesu Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaTesaronika 1:4

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 9-11

**Johani 1:23**

Akati : “Ndini izwi reunodana ari murenje richiti: “Ruramisayi nzira yaShe sezvakared,” sezvakataurwa nemuporofita Isaya.”

Ndakaongorora ndikaona kuti vanhu vakawanda zvichisanganisa maKristu vane tsika yekuita zvese nekuvawo zvese. Johani akatumwa kuti aende pamberi paJesu achifano taura pamusoro pehushumiri hwaJesu, asi iye akange asingazive kuti Jesu wacho akange ari ani. Johani aishingairira kuita basa rake rekubhabhatidza vanhu vaiuya kwaari vachzomuunganira murenje. Uye basa rake rakazozadzikiswa apo Jesu akazouyawo kwaari akabhabhatidzwa naye, izwi raMwari rikataura kuti Jesu akange ari Mwari wavo!

Johani haana dambudziko raakasangana naro pese paaiita zve basa rake, asi akazova naro paakazenge akuita zvisineyo nebasa rake ave kupindira munyaya dzewanano yaHerodhi, ndipo paakadonhera pabasa rake. Akasungwa akakanda mujere uko kwaakadamburwa musoro.

SemaKristu takapihwa mabasa ekuita, ekubatsira nawo vatendi. Hauwanise kuita zvinhu zvese nekuva zvese panguva imwe chete, saka nyatsoongorora kuti wakadaidzirwei, woshanda nazvo kuitira kuti unyatsobudirira pazviri, wova ropafadzo kumuviri waKristu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutevedza hwaro hwezvandakadaidzirwa nashe senhengo yeuto iri pabasa rayo, handitsauke kubva pahuri, uye ndinoramba ndichishingairira kuana mubairo wezvandakadaidzirwa nekusingaperi! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 40:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 12-13, 2 Makoronike 24

**Marko 5:34**

Akati kwaari, “Mukunda kutenda kwako kwakuponesa. Enda norugare, kutambudzika kwako kwapera.”

Bhaibheri rinotsanangura zviripache na kuti kutenda chii: “Zvino kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu zvatinoda humboo hwezvatisina kuona.” Tinoona panzvimbo dzakawanda mubhaibheri, Jesu achiti kuvarwere vanenge vaaiporesa, “Kutenda kwako kwakuponesa!” Kutenda kwakadai hakuchawanika mumakereke mazuva ano. Ukukutenda kunehuMwari makuri, kunova ndiko kwakashandiswa naMwari pavaisika nyika!

Vanhu vakawanda vanofunga kuti hapana chavanofanirwa kuti vaite kuti vaporeswe; hazvisirizvo. Pane chese chaunofanirwa kuwana kubva kunaMwari, unofanira kuvanekutenda. Kungave kuporeswa kana kubudirira, hakuna chinoitika chega pasina kutenda kwako. Simba raMwari rirpo rekuti uporeswe uye nyasha dzekuti ubudirire dziripo zvakare, asi anenge achida munana uyu kuti uitike kwaari anofanirwawo kubvumira kuti zviitike kuburikidza nekutenda kwake. Vanhu vakawanda vanoapa mhosva kuma Apostori, maporofita, vafundisi nevavhangeri, kana vachinge vasina kuwana munana wavo. Asi varindivo vanenge vatadza kushandisa kutenda kwavo. Regedzera kutenda kwako kuti kubudirira kwako kuitike, uye mari irikuuya kwauri nezita raJesu.

Vanhu vakawanda vanofunga kuti hapana chavanofanirwa kuti vaite kuti vaporeswe; hazvisirizvo. Pane chese chaunofanirwa kuwana kubva kunaMwari, unofanira kuvanekutenda. Kungave kuporeswa kana kubudirira, hakuna chinoitika chega pasina kutenda kwako. Simba raMwari rirpo rekuti uporeswe uye nyasha dzekuti ubudirire dziripo zvakare, asi anenge achida munana uyu kuti uitike kwaari anofanirwawo kubvumira kuti zviitike kuburikidza nekutenda kwake. Vanhu vakawanda vanoapa mhosva kuma Apostori, maporofita, vafundisi nevavhangeri, kana vachinge vasina kuwana munana wavo. Asi varindivo vanenge vatadza kushandisa kutenda kwavo. Regedzera kutenda kwako kuti kubudirira kwako kuitike, uye mari irikuuya kwauri nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kutenda kwangu kwasimudzirwa! Ndiri kutora ropafadzo rangurese. Munana wangu uchaoneka muhupe! Ndiri kurarama hupenyu husina kujairika apo ndiri kushandisa kutenda kwangu muna Mwari. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 7:50

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 14, 2 Makoronike 25

**Genesisi 26:12**

Zvino Isaka akadyara zviyo munyika iyoyo, akawana gore iro rune zana Jehovah akamuropafadza.

Ndirikuda kuti unzwisise zvakange zviri-po panguva yakaitika zviri muvhesi ranhasi. Kunyangwe kwakaita nzara panguva iyi, Isaka akadyara, zvichireva kuti akange aine mbeu yacho. Panguva apo vanhu vaitsvaga zvekudya, Isaka akange aine mbeu yekudyara. Nhasi kukaita nzara, unenge uine mbeu yekuti udyare. Hazvinei kuti kwakaoma sei, unechekudyara chichakukonzeresa kuti ukohwe. Hazvinei kuti kunenge kuine nzara yakaita sei, unepfungwa dzinokupa pundutso.

Zvisinei nemamiriro asina kunaka anenge akaita hupfumi hwenyika, une mikana yakawanda ichakuunzira hu-

penyu hwezvakanwanda. Zvisineyi nekuti zvinhu zvakaoma sei, uchange uine zvekushandisa kuti uwanewo zvakanwanda! Hareruya!

Vanhu venzvimbo yeGerar vakange vasangana nedambudziko renzara, asi Isaka akawana goho, chikava chinhu chaka ropafadzwa naMwari. Kana paine chaurinacho pauri kana mumba mako, unachochinogona kushandiswa naMwari kuti vaunze ropafadzo kwauri. Kana uchiine simba, pfungwa kana mukana, Mwari vanoushandisa kuti vakuunzire ropafadzo richakushamisa mugore rino remukaka nehuchi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutema chirevo chekuti hakuna nzara ichamedza mbeu dzangu. Ndichadyara kuna Mwari uye ndichakohwa pakuru nguva dzese. Hareruya! Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 13:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jona



Ruka 10:19

Tarirai ndakakupai simba rokutsika pamusoro pesimba renyoka nezvin-yavada napamusoro pesimba rose romuvengi; hakuna chinhu chingatongokukuvadzai.

Kana uchida kuona simba ririmuzodzo ruinaro unofanirwa kutora matanho ekushandisa kutenda kwako. Nzwisisa kuti shoko raMwari rinoti muna VaEfeso 2:10 , "For we are God's masterpiece. He has created us anew in Christ Jesus, so we can do the good things he planned for us long ago." Tiri nhengo dzemuviri waKristu, saka paunofamba, Jesu anenge achitofambawo.

Chishandisa kutenda kwako pamusoro wako uyo unogara uchirwadza kana maoko anorwadza. Taura zvakasimba

uchishandisa simba ruinaro munaKristu, unoona wapora iwe! Ukaona vanenge vachirwara, ziva simba ruinaro worishandisa kuvaporesa. Usamirire kuti zviitwe nemumwe munhu, nekuti ndiwe unesimba racho rekuporesa varwere. Taura kumamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwako, unoona achishanduka nezita raJesu. Inzwa shoko raMwari richiti: "Ndakapihwa simba rese kudenga nepanyika, uye simba iri ndakakupaiwo." Rishandise!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutora simba rechikuriri pamusoro pezvese zvingade kundinyadzisa. Handimbofa ndakawisirwa pasi; ndinokunda zvese zvinouya kwandiri nezitaraJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 91:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 15, 2 Makoronike 26

**Genesisi 26:4-5**

Ndichawanza vana vako senyeredzi dzedenga; nduzi dzose dzenyika dzicharopafadzwa muvana vako no-kuti Abhuramu akachengeta zvanda-kamuraira nemirairo yangu, nemitemo yangu nemirau yangu.

Kana kuteerera kwakaitwa Mwari naAbhuramu, kwakakonzero kuti ivo Mwari varopafadze Isaka nembeu yake, chimbopafungawo kuti chiiko chingadai chakaitika kuna Abhuramu dai asina kuteerera. Chimbopafungawo kuti kusateerera kwako Mwari kurikukanganisisira rudzi rwako rwunotevera zvakadii. Imbofunga kuti rudzi rwako rwunotevera warwukanganisira zvakakura sei nekuda kwekusada kwako kuteerera Mwari.

Usaverengwa pakati peavo vakaramba kuteerera zvikakonzero matambudziko kumarudzi avo aitevera. Iva saAbhuramu, uyo akateerera Mwari zvikaita kuti Mwari varopafadze rudzi rwake rwaitevera. Zvirevo 13:22 inoti, "A good man leaveth an inheritance to his children's children: and the wealth of the sinner is laid up for the just."

Pane chokonzero chakaita kuti upihwebasaraMwari rekuti uite mumazuva ano ekupedzisira. Unofanirwa kuti uteerere uite zvaunenge watumwa. Unofanirwa kukasika pese paunopihwa basa rekuti uite muimba yaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuteerera kwandirikuita pandinotumwa naMwari kurikudaidzira ropafadzo kuvana vangu nerudzi rwunotevera. Ndichaita zvese zvakafanira kuti ndiite nekutenda kusingazungunutswe! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaGaratiya 3:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 1-4



1 Madzimambo 18:42

Naizvozvo Ahabhi akarongedza kunodya nokunwa, Eriya akakwira pamusoro peGomo re Karimeri akagwadamira pasi, akaisa chiso chake pakati pemabvi ake.

Urikuona here kuti muvhesi redu ranhasi Eri akaisa chiso chake pakati pamabvi ake paainyangetera. Asi, Ishe Jesu havana kunyengetera nekuzvinyima zvekudya pavakange vavekudzanga vatengesesi nevaichinja mari mutemberi asi vakawisira matafura avo pasi (Mateo 21:12). Kozoti mudzimai aibuda ropa (Ruka 8:43) haanakuzodzwa mafuta; akangobata nguo yaJesu akabva atoporeswa. Muna Mateo 8:8, Ishe Jesu havana kuenda kumutungamiri wemauto kuti vanonopoesa mushandi wake airwara. Asi zvese izvi zvakaikita kubudikidza nekutenda kwakange

kuine mukuru wemauto uyu.

Nzira dzemweya dzakasiyana siyana, kungave kubata misoro yevarewere kuti vapore, kana kuti kuporeswa kwavo nemumvuri wemunhu waMwari kana kukava mumhepo vanhu vachidonhedzwa nezodzo, nzira dzese idzi ndedze mweya zvichitungamirirwa naMweya Mutsvene. Ingave ipi nzira ichashandiswa naMwari kuti vakutumire mukaka nehuchi kwauri nemhuri yako, iwe igamuchire, nekuti Mwari anenzira dzakawandisira dzekukuropafadza nadzo kuti uwane madhora bhiriyani. Gamuchira!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti naMwari zvese zvinogoneka. Handisi kuzomisa Mwari nenzira dzavachashandisa kuti vandiropafadze nadzo. Ndavhurira nzira dzangu dzese dzekuwana nadzo ropafadzo redenga, mugore rino remukaka nehuchi! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobho 5:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 5-8

**Mapisarema 68:11**

**Ishe akataura shoko, gungano reva-
karinyora rikakura.**

Hongu, Ishe vanopa shoko uye vanorinyora vanehukuru hwavanowana! Vara rekuti 'gungano' muchiHebheru, rinoreva boka revanhu, kunyanya avo vanenge vagadzirira hondo (nhengo dzeuto). Unooona, kana uri nhengo yeuto unenge usina nguva yekumbomirira kana kuita nhetemwa kana pembe yekuti hondo yatanga yaridzwa.

Ndizvo zvimwe chete neshoko raMwari, rinofanira kunyorwa ipapo ipapo. Pamazuva ano ekupedzisira shoko raMwari rirufanirwa kutenderedzwa nekuendeswa kunyika dzakasiyana nekukurumidza uenezira yarisati rambofamba naro. Inguva yekukurudzirana iyi, uye nzira dzese dzekufambisa nadzo mashoko dzakaita sesocial media, zvivhithivhiti, nhepfenyuro, masaisai einternet, nenharembhozha, dzinofanirwa

kushandiswa kushambadzira NHAU DZAKANAKA. Usanete, kana kuora mwoyo. Enderera mberi zuca rega rega uchishambadzira shoko raMwari.

Hakusisina nguva yekunyozero. Kereke kana chitendero chechiKristu, chiri kurwiswa zvakananyanya mazuva ano, nekuti muvengi arikuziva kuti nguva yake yapera "Usazoti Handina kukuyambira." Wakambozvanzwa here izvi? Hongu kune vese veNYIKA DZENHAU DZINONAKIDZA, NENYIKA YENHAU DZINONAKIDZA, izvi muri kuzviza, asi kune mamiriyoni akawanda evanhu anofanirwa kutendeuka. Vanoda Kristu. Iwe ndiwe zambuko richashandiswa kutendeutsa mweya yakarasika iyi, kuitira kuti Gehena rishaye warinobata, vanhu vaende kudenga!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nhengo yeuto irimuhondo. Ndakadaidzwa ndikadairwa; Ndichatevera mutungamiri wangu Jesu Kristu, nekuti kana ndinaye tinokunda. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 9:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Amosi 1-5

**Dhuteronomi 11:10**

Nokuti nyika kwaunoenda kundoita yako haina kufanana nyenika yeljipiti kwa-makabuda, kwawaidzvara mbeu dzako uchidiridza namakumbo ako, somunda wemuriwo, asi nyika kwamunoyambuka kundoita yenyu, inyika yamakomo nemipata inonwa mvura yokudenga; inyika inochengetwa naJehovha Mwari wako anoramba achitarira kubva pakutanga kwegore kusvikira pakupedzisira kwegore

Rwendo rwakafambwa nevana valsraeri vachibva kuljipiti vachienda kunyika ine huchi nemukaka, rwakange rwakaoma uye vakasangana nematambudziko akawanda. Asi Mwari ndiye aivapa zvekudya zvevinana kwemakore makumi mana murwendo urwu. Kana wasvika munyika yehuchi nemukaka unofanirwa kutora nyika iyi wogaramo. Unofanirwa kuita nharo woudza hurwere kuti, "haumbonditura!" Uda dambudziko remari kuti

"Haumbondinyadzisa." Uda Satani nemhuri yake kuti, "Hamuparadze mhuri yangu!" Ita nharo ugotora zvese zviru zvako!

Nhaka ndeyevanakomana. Wazviona here kuti ndiJoshua akayambuka, akapinda nevanavalsraeri munyika yemukaka nehuchi. Zvinoreva kuti mugore rino remukaka nehuchi vanakomana vatopinda munzvimbo yavo yekuwana nhaka yavo, uye newewo watowanawo nhaka yako. Inguva yako yekutora nyika nekudzora zvese zvako! Ngazvigare zviru mundangariro dzako kuti hazvisi nyore uye hapana tsitsi dzinodikanwa kana wave kutora nyika nekuti kune vanhu vane mumhu wakakura munyika iyoyo yauri kutora, vachaedza kukurambidza kupinda. Saka kana usina kuberekwa uinazvo, wirira kuti uzviwane!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Iwe, Satani ndirikukudzvinga nhasi kekupedzisira. Buda munzvimbo yangu! Ndiripo ini muridzi wenzvimbo. Handichada kuona nyonga nyonga yako mumhuri mangu! Handichada kushaya mari, nekuti ndavekugara munyika yechipikirwa nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Dhuteronomi 11:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Amosi 6-9



2 Timoti 2:5

Nomunhuwo kana achivivana navamwe haashongedzwe korona kana kana asina kuvivana sezvakarairwa.

Ndinogara ndichiudza vanakomana vangu vepamweya nevanasikana zvakare ndinoudzawo vamwe vatungamiri vemakereke, uye ndirikukuudza wo kuti unofanirwa kuzvipira kuita zvinhu zvaunogona kuita. Kana uchigona semudzidzisi weshoko ita izvozvo, kana uchigona kuporofita ita izvozvo kana kuri kuparidza, paridza. Paunongotanga kuita zvausina kudaidzirwa, unenge watozvidendera matambudziko. Ita zvawakadaidzirwa nemwoyo wako wese ugoona Mwari vachikusimudza vachikubvisa pane kumwe kubwinya vachikuisa pane kumwe kubwinya nezviyero zvakasiyana. Hazvigone kuti uite zvese, nekuti haubudirire.

Johani mubhabhatidzi akasiya basa raanga adaidzirwa rekutungamirira hushumiri hwaKristu kuburikidza nekubhabhatidza vanhu, akatanga kuudza Herodhi magariro aaifanira kuti aite muwanano yake, izvo zvakanzera kuti adamburwe musoro. Ukagona kuita chinhu chimwe chete unoona chakusimudzira chokusvitsa pane chimwe chiyero chekusimukira chepamusoro panguva pfupi. Ziva zvawakadaidzirwa woramba uchizviya. Mugore rino remukaka nehuchi, paurikuita basa rawakadaidzirwa, ndirikutema chirevo chekuti zodzo riwanzwe paupi iro richaita kuti unzwikwe nenyika dzakawanda nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisikuzosiya basa randakadaidzirwa kuti ndiite naMwari. Mano mano emuvengi haasi kuzindimisa kuita basa rangu. Ndicharamba ndichiriita ndigoona kubwinya kwaMwari muhupenyu hwangu huchindibvisa pane kumwe kubwinya ndichiendeswa pane kumwe. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 9:25

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Makoronike 27, Isaya 9-12

**Joshua 7:21**

Ndakaona pakati pezvakapambwan-guwo yakanaka inobva bhabhironi nesirivha yakasvika mashekeri ana mazana maviri nechikamu chendarama chakasvika mashekeri ana maku-mi neshanu pakuyerwa kwacho; ipapo ndakazvichochora ndikazvitora; tari-rai zvakavigwa pasi mutende rangu, sirivha iri pasi pazvo.

Nyaya yemari inonetsa kutaurwa nezvayo, zvikuru mukati mekereke yaKristu. MaKristu akawanda anoti mari ndeye-wakaipa, uye haadi kutaura nezvenyaya yekugara hupenyu hwakanaka hune budiriro, vachitenda kuti kuva murombo uchitambudzika, ndicho chiKristu. Hazvishamise kuti sei Mwari vachiti, "Vanhu vangu," kwete kuti vari-kunze kwekereke asikuti vanhu vavo vanoparara nekushaya zivo. Vanatora

mari yezvipo mukereke nekumisanganano yekereke, pedzezvo, voti mari yakai-pa. Urikuona here kupidigura kwavanoita shoko raMwari!

1 Timoti 6:10 inoti, "Nokuti kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvose, vamwe vakati vachiida zvikuru, vakatsautswa pakutenda vakazvibaya neshungu" Rudo rwemari ndiwo mudzi wezvakaipa, asi mari pachayo haina kushata! Ukawona vadikani vaviri vachirwisana, ukada kub-unzisisa nyaya yacho uchaona kuti inyaya yemari! Tavekutaura nezvako iwe mugore rino remukaka nehuchi, mari haisikuzokutiza, Uchagara hupenyu hwekutapirirwanekuva mupfumi wakagarika. MARI YAUYA IYI ITORE!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nzira dzehupenyu hwangu dzazarukira zvakanaka. Ndirikuto-ra zvese zviru zvangu uye hupenyu hwangu huchaita chisham-iso kuti mbirinerukudzo zviratidze kubwinya kwaMari! Mbiru kunaShe! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 6:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Mika

**Mapisaremas 119:130**

Kuzarurwa kwemashoko enyu kunopa chiyedza. Kunopa njere vasina mano.

Patinoverenga shoko raMwari tinounza chiyedza kwatiri, vamwewo vanhu, mhuri dzedu, nzvimbo dzakasiyana siyana nemunyika. Huwandu hweshoko raunoziva ndihwo hunoita kuti usimbe uye utonge munyika yemweya. Haungagone kutonga munyika yemweya iwe usina kana shoko raunenge uinaro mumweya wako. Ishe wedu Jesu Kristu vakakunda wakaipa pavakange vari murenje, kuburikidza neshoko ravakataura kwaari, havana kumbomutambisa asi vakaita nharo naye vakamuudza kuti "Zvakanyorwa kunzi!" Jesu akashandisa shoko raMwari akakunda muvengi naro.

Tinoona muna Johani 1:1 Jesu ari ndiye shoko raMwari, asi anotidzidzisa kuburikidza nekushandisa kwake shoko raMwari semuenzaniso kuti tirishandisewo kana fichinge tarwiswa nemuvengi. Hazvisi pakuti unenge uchinzwa sei kana kuti unenge uchifungei pamusoro pezvinenge zvakuwira. Chakakosha kuziva zvinotaurwa neshoko pamusoro pezvinenge zvakuwira! Unogona kunge waneta uye urimurombo usisazive chekuita, asi shoko raMwari richikukurudzira richiti, varombo ngavati ndiri mupfumi, ugoona hurombo huchitiza kubva muhupenyu hwako. Saka verenga shoko raMwari, funga pamusoro paro nguva dzese, paunenge uchidaro, nharaunda yauri inotanga kushanduka ichiva nechiyedza chinenge chichiunzwa neshoko iri, zvoshandura hwaro hwehupenyu hwako nekusingaperi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ririkubuda nemutsinga dzangu. Handipwanyike! Ndinotonga kuburikidza neshoko raMwari, uye ndinodzima miseve yese yemuvengi. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 6:23

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Makoronike 28, 2 Madzimambo 16-17



Mabasa Avapostori 10:4

Iye akamutarisisa akatya akati, Chiyiko Ishe? Akati kwaari, minyengetero yako nezvipo zvako zvakwira pamberi paMwari zvarangarirwa.

Janonzi Konerias akanyengetera uye nekupa zvipo kuna Mwari zvikazara munyika yemweya zvekutadzisa Mwari kuona zimwe zvinhu zvaitika panyika. Mwari havana kumushanyira muchiroto sezvavakaita Soromoni kwete, asi vakatumira ngirozi kuti imudze zvaakange akonzera munyika yemweya kuburikidza neminyengetero yeke nezvipo zvaaiipa kuna Mwari. Kupa kunenge kwakatsigirwa neminyengetero yakasimba kune simba rekushandura mamiro ehupenyu evanhu vakawanda nendudzi dzakawanda. Mushoko ravo, Mwari vanoti havagone kugara pasina anenge avapa chipo. Nazvino, munhu

anopa ndiye anogara pazvigarozve pamberi mukereke yaMwari!

Kunyengetera kwemunhu mumwe chete ndiko kwakakonzera kuti mamwe marudzi evakange vasingatende, aimutevera, awane ruponeso. Kana uchigara uchinyengetera uye uchipa Mwari zvipo, zvinokonzera kuti ugare wakatairirwa naJehovha nguva dzese. Ndinoshamiswa nevatendi avo varikuda kushandura mhuri dzavo nekunyengeterera kwega vasingabvise zvipo kuna Mwari. Ukaongorora vhesi redu ranhasi unoona kuti. Kunyengetera nekupa zvinhu zvonofambidzana uye zvinofanirwa kuitwa mugore rino remukaka nehuchi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handinete kunyengetera uye gore rino ndichapa zvichandishamisa mugore rino remukaka nehuchi izvo zvichaita kuti nedenga ridaire, mbiri ichiphwa kuna Mwari nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 4:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 13-17

**2 VaKorinde 9:11**

Muchipfumiswa pazvose mugoziva kupa zvakawand zvinoti kana zvichiitwa nesu Mwari unovigra nazvo kuvonga.

Ndakacherechedza ndaverenga vhesi iri kuti Mwari havana kuropafadza Isaka chete asi kuti vakabva vamuita iye nerudzi rwake kuti vave chisipiti chemaropafadza ekudenga izvo zvaizokoneresa kuti varopafadzewo mamwe marudzi kuburikidza navo. Paurikuwana maropafadzo aMwari pamusoro pehupenyu hwako, rangarira kuti kune dzimwewo nyika dzirikufanirwa kuropafadzwa kuburikidza newe. Kuropafadzwa kwako ngakukonerese kuti iwewewo uve ropafadzo kuvanhu vakawanda.

Chinangwa chaMwari chekuti vakuropafadze mumazuva ano ekupedzisira ndechekuti uve nzira inoyerera nayo ropafadzo ravo. Ramba kuva muchikwata cheavo vanoti kana Mwari avaropafadza, ndipo panogumira ropafadzo ravo. Bvuma kuti dzimwe nyika dziropafadzwe kuburikidza newe. Ita sarudzo nhasi yekuti ndiwe uchange uchibhadharira kuti kuitwe misangano yekereke yakawanda kunenge kuchidzidziswa vanhu nezve nhau dzakanaka dzaMwari. Akadaidzwa kubasa raMwari rakakosha, usashaye hanya naro.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndini ndinosvitsa makomborero aMwari kunyika dzakawanda. Vanhu vakawanda vacharopafadzwa kuburikidza neni nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 20:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 18-22



**“THE YOUTH ARE THE
CHURCH OF TODAY”**

PROPHET UEBERT ANGEL

GoodNews DAILY



The youth are the Church of today and it's great to see that they are connected, equipped and empowered to share the gospel of Jesus Christ and the revelation of our man of God **Prophet Uebert Angel** to the nations of the world.

The prevailing perception of Christian youth as merely recipients of spiritual guidance is changing rapidly. They are now viewed not as passive onlookers but as active participants shaping the direction and even the ideals of the church. Mass fields of young souls are ripening all around the world, and are ready for harvesting and through the Global Youth Evangelism outreaches, thousands of young people are leading the charge to win as many souls to the Kingdom of God.

Join our young Rebels for Christ on this remarkable journey as they take to the streets, towns, cities and nations to share the Word of God through the Angel Messenger, the GoodNews Daily devotional.



Mabasa Avapostori 19:12

Nokudaro micheka nenguwo zvaibva pamuviri wake zvaiziswa kuva rwere hosha dzikabva kwavari nemweya ya-kaipa ikabuda.

Bhaibheri rinotiudza kuti hengechefu dzaPauro dzaishandiswa kuporesa varwere. Ndoda kuti uzive kuti hengechefu idzi yakange iri nzira yaifamba nayo zodzo raPawuro kunoporesa varwere. Unofanirwa kushandisa kutenda kwako wokushandisa kana uchida kuona simba raunaro. Ngatinzwisise I kuti senhengo dzemuviri waKristu, paunofamba Jesu anenge atofambawo.

Pafunge kuti hengechefu haina zvainonzwa, hainzwe chinhu chisingararambe asi hengechefu dza Pawuro dzaishandiswa kuporeswa varwere

vaigumhana nadzo. Saka koi we anorarama anofema, muKristu azere nemweya anotaura nendimi chii chingakutadzisa kuratidza simba raMwari? Ukaone vanenge vachirwara, ziva kuti unesimba rawakatakura rekuporesa rishandise. Wakakosha kudarika hengechefu! Urinzira inofamba zodzo nayo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri werudzi rwaMwari. Ndakatakura mahofisi makuru aMwari mumuviri wangu. Hakuna hurwere kana denda rinogona kurarama mumuviri wangu. Ndakatakura simba rekuporesa, ndinezodzo rinoporesa varwere nekudzinga mweya yakaipa nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Marko 16:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 23-27

**VaHebheru 12:29****Nokuti Mwari wedu, moto unoparadza.**

Kune nguva dzekuti maPorofita akare aishungurudzwa nevanhu zvekusvika pakubvunzurudza pfungwa dzezavaida. Semuenzaniso Joshuwa akabvunza ungoro huru yevanhu kuti vaida kutevera Mwari upi akatema chirevo chekuti, "Ini neimba yangu tichashandira Ishe." Isaya akasanganao nedambudziko revakunge vasinganyatso tenda akabvunza kuti, "Muchatenda shoko raani?" Kwozofi Eri anoti muna 1 Madzimambo 18:21: "Muchatevera zvinhu zviviri kusvikira rinhiko? Kana Bhari ari Mwari muteverei asi kana Jehovha ari Mwari muteverei," Jehovah Chikopokopo (uyo asingade nhare yendege kuti amhare) akadaira Eri nemoto.

Mwari vedu vakuru. Havana anofananidzwa navo – iye anotanga arikewekupedzisira, anopedzisira avekwekutanga. Hazvinei kuti tave panguva ipi yegore remukaka nehuchi; Mwari vedu vakabata nguva mumaoko avo, vanoita zvinhu nenguva. Bhizimusi rako harisi kuzoparara, vana vako havasi kuzopanduka, uye mari yako haipere! Basa rakanaka rakatangwa naMwari muhupenyu hwako mugore rino remukaka nehuchi harisikuzomirira panzira. Urikuenderera mberi uchisimudzirwa uchienda kumusoro nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakanangana nekukunda! Handinabasa nezvinotaurwa neveruzhinji kana vanopokana neni, kana maaritari abhaari. Mwari vangu vachandiripa pachena. Hakuna achapokana nekukunda kwangu. Ndinokunda chete! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Ekisodho 24:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 18, 2 Makoronike 29-31, Mapisarema 48



1 VaTesaronika 2:9

Nokuti hama dzangu, munorangarira kutambudzika nokurwa kwedu, taibata husiku namasikati, kuti tirege kuremedza mumwe wenyu, tikakuparidzirayi Evhangeri yaMwari.

Ichokwadi kuti nyika yechipikirwa izere nemukaka nehuchi, asi inearume vakareba vakakurisa vanofanirwa kukundwa. Inoda kurwirwa, uye inoda kuti uve nepfungwa dzenhengo yemauto, kuzvibata nenharo dzinembwa hombe, nehunhu. Wakabva kunyika kwawaidya manna, apo waiwaniswa chekudya naMwari avo vaikupa mana kunova kudya kwengi-rozi, waiswa munyika ineruvengo.

Bhabheri rinoti kubvira pamazuva aJohani mubhabhatidzi kusvikira nha-

si hushe hwaMwari hunorwiswa zvakananyanya, uye vanorwisa ndivo vachatora zviriri zvavo nechisimba. Hapasisina chekumirira apa nekuti watosvika munyika yako yehuchi nemukaka. Iye akakuvimbisa anokwanisa kukupa zvese kana ukaramba wakatarisa kwaari, ukasatarisa varume vanemumhu wakakura kukudarika kana kushomeka kwemari yaunenge uinayo yezvaunenge uchida kuita. Chokwadi ndechekuti iye anopa muono mukuru uye ndiye anopa zvikwanisiro zvese zvinodiwa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakunya mikombero yehembe dzangu, ndasunga bhandi rangu ndagadzirira kuita basa. Hapasisina zvekunyengerera nekuti ndagadzirira kudya zvese zvinotapira zvakanaka zvinounzwa nekushanda kwangu nesimba nezita guru raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa Avapostori 18:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Hosiya 1-7

**Mateo 3:11**

Ini ndinokubhabhatidzai nemvura mutendeuke, asi anouya shure kwangu anesimba kudarika ini, uyo wandisakafanira kutakura shangu dzake. Iye achakubhabhatidzai nomweya mutsvene nomoto

Iye agree panzvimbo isina anomukwikwidza ndiye akagadzira nyika asina chaakange ainacho. Bhaibheri rinoti Mwari wedu uyu, moto unomedza. Wakagadzirwa saye! Haungaberekwe naMwari wogara uchitambudzika uchudzvanyirirwa nemiseve yewakai-pa. Kwete. Muvengi haade moto. Sei zvakadaro? Nekuti moto unopisa, moto unopedza zvese, moto unomedza, moto unopisa, moto unobika, moto unenjedzi. Kana paine chinenge chakutambudza, shandisa moto!

Chiregedza kugunun'una, chiregedza kuongorora, uye chiregedza kuita nharo. Pane chinhu chimwe chete chinodzinga dambudziko rekusarara, rekushungurudzika nekunetseka uye chinhu ichi moto waMweya Mutsvene. Apa hapana chinopikisa kana vakubata, vanobva vaparara! Kana uchinge uripamoto nezvinhu zaMwari, muvengi anokutiza. Chiita kuti moto waMweya Mutsvene ari mauri agare achipfuta zvisina magumo zvinooneka nemunhu wese, ugopa mbiri kuna baba vako vekudenga, hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichafamba kudarika chiyedza; izwi rangu rinotinhira richisa moto mukamba yemuvengi, zvokonzera mvonga mvonga imomo. Gore rino, ndiririkunda ndichibatsirwa naMweya Mutsvene mandiri nezita guru raJesu Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 4:4

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Hosiya 8-14

**VaHeberu 6:13**

Nokuti Mwari pakupikira Abhurhamu wakapika naye amene nokuti wakan-ga asinamukuru kwaari waangapika naye.

Vakuru vekutenda vekare waitakura huvepo hwaMwari pavari neku-ti vaidyidzana nedenga. Vakange vakaita hochekeche nedenga zve-kuti vakange vari vanhu vemweya. Ongorora kuti Mozisi aitaura naMwari asinganyengerere munaEkisodho 32:12;paakati, "Valjipiti vangazoreva Seiko vachiti wakavaburitsira kune zvakaipa kuti uvauraye mumakomo nekuvaparadza panyika, Dzorai shungu dzenyu huru muzvidembe pamusoro pokuitira vanhu venyu zvakaipa zvaka-dai!" Mozisi paakataura mashoko aya, Mwai vakamuteerera uye haana kuzo-enderera mberi nechirongawa chake

chekuparadza vanhu!

Hazvaita kuti Mozisi ataure naMwari nenzira yakadaro, dai akange asina hushamwari nedenga! Bhaibheri rinoti muna 1 VaKorinde 2:16, "Nekuti ndiyaniko akavaziva murangariro washe, kuti amudzidzise, asi isu tinomurangariro waKristu?" Asi isu tine pfungwa dzaKristu idzo dzinoti-tungamirira pane zvavanenge vachida maringe nezvinangwa zvavo. Verenga Shoko raMwari mazuva ese uine kunzwisisa maererano nep-fungwa dzavo pamusoro pephupenyu hwako mugore rino reMukaka neHuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozivakuti Mwari vanodisisa kuti ndive mutano uye kuti ndipfume ndiine pfungwa dzakagadzikana nguva dzese. Ndinozivawo zvakare zvizaruro zvaMwari pamusoro pekuda kwavo muhupenyu hwangu. Ndakaita sarudzo ye shoko raMwari ndikaparadza hunyengeri hwasatani chiporipocho! Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 22:16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 28-30



2 Makoronike 15:7

Asi ivai nesimba maoko enyu ngaarege kushaiwa simba nokuti basa renyu richapihwa mubayiro.

Chinhu chinonyatsozivikanwa kuti mombe inoramba kana yave kuda kukamwa mukaka. Saka uchasangana nekuvengwa nekurwiswa nekurambirwa kana wave kuda kukama mombe mukaka. Ibva wato zvjaira izvi. Paurikusimuka muhupenyu uchasangana nekurwiswa kubva kune wakaiwa. Unofanira kuwedzera simba rekushanda munyika yako yemukaka nehuchi. Saka muka rungwana ngwana mazuva ese zvisineyi nekuti mamiriro ekunze anenge akaita sei. Hongu kukama mukaka kunogona kukunetesa asi simba!

Ndirikuporofita kuti hausikuzoshandira pasina semwana waMwari. Shoko raMwari rakayedzwa rikaratidza kuti rinounza budiriro. Pundutso yauya kwauri mugore rino remukaka nehuchi. Kana zvinhu zvakambenge zvisinga kufambire, iye zvino nekuti pave nekunyautsa kwehuchi nekuyeredzwa kwemukakaka, hauchatatatika kuti uwane punduts mumunda mako muwanano yako mubhizimusi rako nemubasa rako. Mariyauchava nayo ichava nechirevo sezvo ichawanda uchiwana purofiti pakushanda kwako yakawnada zvichaita kuti uite goho rakakura munyika yako yechipikirwa! Ameni.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu huchava nekupupura kwakakura, apo bhizimusi rangu nemari zvichatanga kuwanda. Ndakaropafadzwa uye ndakasanangura sezvo hupenyu hwangu huri-kuyerera mukaka nehuchi! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 58:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 31-34

**2 Madzimambo 6:6**

Munhuwa Mwari akati "Rawirepiko?". Akamuratidza parakanga rawira Eri-sha akatema rutanda akarukandirako, akapapamadza demo.

Mamwe maKristu haakoshese chiporofita mumuviri washe asi ndinokuyambira kuti usazvitevedzere. Dai kurikunzi pakange pasina muporofita pachiiitiko chiri muvhesi ranhasi, demo ringadai rakawanikwa sei? Muporofita akabvunza akati "Rawirepiko?" Vara rekuti rawira rinonzi naphal, nechiiHebheru, izvo zvinoreva kurasika kana kuwira pasi. Saka zvinoreva kuti chiporofita chinowana nekudzora zvakarasiswa. Ndave kutaura semuporofita zvino uye ndiri kuti: pamakadohera nemhuri yako ndipo pamasimudzirwa!

2 Petro 1:19 inoti, "So we have the prophetic word made more certain. You do well to pay [close] attention to it as to a lamp shining in a dark place, until the day dawns and light breaks through the gloom and the morning star arises in your hearts." Chiporofita chinounza chiyedza, zvachinenge chataura ndezvechokwadi uye zvinotoitika. Mwari vakavimba neshoko ravo vakaripa kuvaPorofita, uye kana rataurwa zvinenge zvataurwa zvinotoitika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muporofita anondiitira zvakanaka. Kana pataurwa shoko rechiporofita handirasikirwe nechinhu; zvandakarasiswa nazvo zvinodzoka; mari yangu irikuwanda, hutano hwangu hwakanaka, uye mhuri yangu irimumukaka nehuchi! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Ekisodho 15:25

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 35-36



Genesisi 26:14

Akanga aine pfuma yamakwai, ney-emombe, nemhuri huru, vaFiristia vakamugodora.

Unomboziva here kuti kuzvipira nekuzvininipisa pana Mwari kunokonzeresa kuti denga rikuropafadze iwe nemhuri yako? Zvaunoita muhushumiri hweimba yaMwari uye zvaunoita mukurwendo rwako naMwari zvinogona kuita kuti uwane ropafadzo rakakura rinozoropafadzawo vana vako neverudzi rwako vanotevera. Unoziva here kuti unogonakushandira Mwari zvekuti zvaunenge waita zvinokonzeresa kuti vana vako vave nehukuru pavari? Unoziva here kuti kushandira Mwari kunounza ropafadzo rakakura?

Kana fichirikurangarira zvakataurwa munaGenesisi 22:17 Mwari aizonokonzeresa kuti vemhuri yelsaka vaberekane vawande senyenyedzi dzirimudenga uye semavhu ari pamahombekombe egungwa; Mwari vaizovaropafadza zvakananyanya nekuti Abhurahamu akange aterera nekutevedzera zvaakange audzwa naMwari kuti aite. Ngazvinyorwewo kudenga kuti kutenda kwako kwakanokonzeresa kuti Mwari varatidze tsitsi dzavo kuvana vako mugore rinoreMukaka neHuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kushandira kwandichaita Mwari kuchakonzeresa kuti varopafadze rudzi rwangu zvakananyanisisa. Ndichateverwa nema-ropafadza akawanda muhupenu hwangu. Hapana chimwe chandirikuda kunze kwekuona paine kutapirirwa nehupenyu, kanoita sehuchi, ndichienderera mberi nekuita basa raMwari. Harerayah!

MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 25:5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 37-39, Mapisarema 76

**Mateo 12:37**

Nokuti namashoko ako ucharurami-swa uye namashoko ako ucharashiwa.

Mashoko anotaurwa nemamwe maKristu anoshamisa. Unonzwa vachiti, "Ndave nenzara!" Uchaita nzara! Kana kuti "Musoro uyu uchandiuraya!" saka unofunga kuti chii chichaitika. Vamwe vanoti, "Mari yangu inopera mwedzi usati wapera;" rega ndikuudze chokwadi, zvaunenge wataura zvinoto itika. Unoona, muromo wako ndiwo urikukuraya. Basa revatumwa nderekuzadzikisa zvaunenge wataura, saka taura mashoko akanaka. Musi waunoti, "Ndiri mupfumi!" vatumwa vanobva vapinda pabasa rekuzadzikisa zvaunenge wataura nekuti vanenge vasingaone zvaunenge wataura zviri pauri voto mhanyamhanya kuti zviitike. Vanototsvaga zano rekuti zvinofanira

kuvapo nehoche koche yacho inoita kuti upfume zvinepo, woona hupfumi huchimhanya huchiuya kwauri!

Mashoko zvinhu hapana chinonzi kutaura chete pasina chinotika. Saka chitanga kuraura pamusoro pezvauri kuda kuona zvichiitika, pane kuti utaure zvaunenge uchiona zvichitika. Usataure nemumwe wako kana vana vako kana vekubasa kwako vabereki kana shamwari uchiratidza kushusikana kwako kana kuora mwoyo, asi taura uine mweya werudo uye uchiziva zvauri. Mamiriro ekunze haafanire kukukonzera kuti utaure mashoko, asi kutaura kwako ngakuvekwemunhu ane tariro yemukundi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rino igore rangu rekukunda; mariwauya kuzogara neni, mari yangu iri kuwedzera uye hupenyu hwangu hwave nekubwinya mbiri ichipihwa kuna Mwari mugore rino remukaka nehuchi! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 21:23

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 40-43

**Genesisi 28:16**

Ipapo Jakobho akapepuka pahope dzake akati, "Zviokwazvo Jehovha ari panzvimbo ino, asi handina kuzviziva!"

Jakobho munhu akange akarara pa-nyama zvese nepamweya. Chinorwadza ndechekuti vatumwa vaingomupfuura vachipindura minyengetero yevamwe iye akarara husiku hwese. Nyika yemukaka nehuchi irikuda varume vanoziva kuti ndaanani uye kuti ndevani. 2 VaKorinde 5:17 inoti, "Saka kana munhu ari muna Kristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura, tarirai zvose zvava zvitsva." Vara rinoti 'tarira' rashandiswa apa, rinoreva kuti 'hona,' bengenuka uzive kuti uri ani muna Kristu!

Tora chinzvimbo chako semuPrista wehushe, anoshamisa. Uyo akagadzira nyika agree mauri kuburikidza neMweya wake Mutsvene. Hausi wega. Muka uveneruzivo rwakakwana pamusana kenyika yemukaka nehuchi, kwete kushaya, saka taura mashoko kune chese chisina zviwereko chiri muhupenyu hwako, ugoona wavekurarama hupenyu hwakazara nezvibereko nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirinyanzdvi munyaya dzezvemweya, ndine simba rakawanda munyika yemweya ndinogara ndakasvinuka mumweya; hapana nguva yekurara kana kuita nungo kusvikira ndakunda nezita guru raJesu. Mbirikunaishe!

MAVHESI EKVURENGA

Ekisodho 3:4

MAKWIKWI EKVURENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 44-48

**Marko 11:24**

Saka ndinoti kwamuri, Zvinhu zvose zvose, zvamunonyengetera noku-kumbira tenda kuti mazvigamuchira mugova nazvo.

Ndirikuda kuti unzwisise kukosha kwakaita nhau yekunyengetera. Kunyengetera inzira, sezvaunongoona mapurisa anochengeta nzvimbo kana vasori, avo vanoenda pamberi pemunhu akakosha anoremekedzwa; munyengetero unogona kutumwa pamberi pako, wobva wanogadzirisa zvese zvinofanirwa kuvapo iwe usati wasvika kwaunenge uchienda, uye unobva wafanobvisa nekusudurudza zvimhingamupinyi nezvipotswa zvaunenge wakarongerwa newakaipa. Kunyengetera kunokudaidzira vasori vepamweya avo vanokubvisira njodzi nezvibingaidzo pamberi pako, kwogadzirwa nharaunda yakanaka inoita kuti ukunde ubudirire.

Shoko raMwari rinoti paunonyengetera, kwete kuti kana ukanyengetera. Zvimoreva kunyengetera haisi sarudzo yaunoita semuKristu asikuti ndiwo mararamiro ako ekunyengetera nguva dzese, uchiita kuti kuda kwaMwari pamusoro pehupenyu hwako kuzadzikiswe. Unofanirwa zvakare kuziva chekunyengetera kuti usazonyengetera pasina. Kufanonyengetera kunofanorwisana nemuvengi zvinoita kuti ukunde. Saka zvakakosha kuti utange nekunyengetera zvinesimba kuitira kuti uwane shanduko mumhuri yako, mubhizimusi rako uye nemumari ko kuitira kuti uve nehupenyu hunoonekera-wo mugore rino remukaka nehuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutumira munyengetero kubva kunzvimbo yangu yekutonga kuti uende pamberi pangu. Zvandinenge ndichida kuti zviifike ndichataura nezvazvo pandinenge ndichi nyengetera. Simba rangu richanzwika munyika yemweya. Handisikuzomira. Ndichaenderera mberi nekunyengetera. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 21:22

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 19, Mapisarema 46, 80, 135

**Dhuteronomi 1:21**

Tarirai Jehovha Mwari wenyu wakaisa nyika iyo pamberi penyu, kwirai mutitore sezvamakaudzwa naJehovha Mwari wamadzibaba enyu, musatya kana kuvhunduka.

Gore rino nderemukaka neHuchi, zvichireva kuti unofanirwa kusvika KUNYIKA YAKO YECHIPIKIRWA! Inyika yako yawakapikirwa, ndeyako, haisi yemumwe munhu kana boka revanhu. Ndiwe unechimuti chekuona kuti nhaka yako unoitora. Maropafadzo ese ndeako, munyika iychipikirwa iyi. Urimutakuri wemaropafadzo enhuri yako, kwete muvakidzani wako, vaunoshanda navo kana hurumende!

Hazvinei kuti mitemo yehurumende inenge yakamira sei, maropafadzo ako

haasi kuzomiswa uye kusimukira kwako hakusikuzomiswa. Iye Ari mauri mukuru kudarika uyo arimunyika. Unehochekeche neguta reZiyoni iwe, nzvimbo yamambo wemadzimambo. Urikushanda uripanzvimbo yesimb, uno bva kudenga, ugere naKristu pamusoro pevabati nevanesimba, uye hapana zvinesimba pamusoro pehupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino remukaka nehuchi, meso angu achaona mikana epandiri uye ndichakwiridzirwa kusvika ndavepanzvimbo yekuwanzirwa kwezvinhu. Mbiri ngaiende kunashe. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Joshua 1:9

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 49-53

**1 VaKorinde 14:10**

Mazwi anamarudzi mazhinji panyika, hakuna chinhu chisina izwi racho.

Hakuna ruzha rwunongoitika rwusina charwunoreva. Ruzha rwese rwunenge waitika rwune zvarwunoreva. Rwumwe ruzha rwunopayambiro yehondo, rwumwe nderwekukunda, rwumwe nderwekukunda uye rumwe nderwekupemberera. Joshuwa nevanhu vake vakakomberedza guta reJeriko vachiita ruzha netsoka dzavo kwemazuva matanhatu. Nezuva rechinomwe vakaita ruzha kuburikidza nekudaidzira kwavakaita, zvikakonzero kudonha kwemadziro akange akachengetedza guta! Yave nguva yekuti uite ruzha rwunokugadzirira nzira dzekuti minyangetero yako yapindurwa.

Kana tikamyangetera nendimi, finenge tichiita maongera epamweya asingagone kutaurwa nemutauro wemazuva ese unonzwisika. Kana ukanyengetera nerudzi rwamweya mutsvene haufanirwe kunzwisisa rurimi urwu kana zvinenge zvichitaurwa zvacho, asi rega ndikusimbise kuti madziro eJeriko ayo akavhara mari yako, wanano yako nebudiro yevana vako akukoromoka nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi gaba risina chinhu. Ndinogadzira masaisai munyika temweya anondiunzira kukunda kwangu izvezvi nenguva dzese. Mufore rino remukaka nehuchi ndichazadza denga nema-saisai anobva muizwi rangu. Mbiru kunashe!

MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 11:7

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 54-58

**2 Petro 3:9**

Ishe haanoke kuita sezvaakapikira sezvinoreva vamwe vachiti hunonoka asi unomwoyo murefu kwatiri noku-ti haadikuti vamwe varasike, asi kuti vose vasvike pakutendeuka.

Mwari wekukohwa anechido chekuti vanhu vese vatendeukire kuna Kristu, pasina kana anosara. Asika izvezvi gehena rakazara nemweya yakarasika. Kuyangwe takatendeuka kuchiine vanhu vatinogara navo munharaunda dzedu vakatonyorwa mazita avo kugehena! Kuburikidza nemuApostora Pawuro, Mwari varikutikumikidza kuti ti-nyengeterere munhu wese

Chokwadi chinotyisa ndechekuti nguva yatirikurarama haisisiri yedu. Hunyengeri hwawandisisa munzvimbo

dzatiri, uye zvaticutevera zvinehunyengeteri mazviri uye zvirikuitika pasi rese, zvichokonzero kuenda kwevakawanda kugehena. Basa ratiin-aronderekunyengeterera mweya yakarasika, tisinganete. Mazuva atirikurarama arikuparidzia nhema sechokwadi chinangwa chemuvengi chiri chekuendeswa vakawanda kugehena. Ita basa rekutendeutsa vakarasika: mweya yevakaras inofanirwa kubva kugehena yoendeswa kuna Keistu. Zvinofairwa kuitwa nekukurumidza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hapasisina chekumirira. Ndagadzirira kutendeutsa vakarasika ndosiya Gehena risina munhu ndozadza denga nemweya yevanhu nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 18:7

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 59-63

**Zvakazarurwa 22:9**

Akato kwandiri, Regai kudaro; ndiri muranda pamwe chete newe nehama dzako vaporofita nevanochengeta mashoko ebhuku iyi, namata Mwari.

Kudyidzana zvinoreva kuita hoche koche kana kuita hushamwari nemumwe munhu. Unomboziva here kuti unogona kusvika pane chimwe chiyero munyika yemweya chinoita kuti ufanane nezvisikwa zvemweya? Mutumwa akabvuma kuti Johani ndemumwe wevanhu vakange vaine chiyero chimwe chete nadzo uye kuti akange arimumwe wevatumwa saidzo. Chimbofunga uchiona chisikwa chinenge chabva kudenga, chine simba nekubwinya chichiuya kwauri chokuudza kuti chakafanana newe. Zvinoita kunge zvinhu zvisingaitike, asi pauchaziva kuti uri ani munyika yemweya iwe pachako

uchazunza makomo.

Paurikuwedzera ruzivo rwako rwaMwari kuburikidza nekuverenga kwako shoko raMwari nekutevedzera dzidziso dzavo, chiyedza chirikutouyawo mauri, uye chiyedza ichi ndicho chinoita kuti uzivikanwe munyika yemweya.

Rugwaro rwuno haisi nyaya yakangonyorwawo zvayo kuti ungovverenga asi rwunechinangwa chekukupa hupenyu. Ziva kubvira nhasi kuti unenge uchidya chingwa chekudenga chemanna chinenge chichangobva kuburwa kubva kudenga, uye uchasimba zvekuti haku-na achakukurira nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri monya munyika yemweya. Rino igore rangu rekukunda nekutora matunhu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 18:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Isaya 64-66

**Dhuteronomi 26:9**

Akati svitsa panzvimbo ino akatipa nyika ino, nyika inoyerera mukaka nouchi.

Panowanikwa mukaka panenge paine ndove yemombe, panowanikwa huchi panenge paine nyuchi dzinenge dzakatogadzirira kuruma. Mwari vakatiratidza kuti gore rino nderemukaka nehuchi. Hakuna chimwe chichapesana nazvo saka tichaona kuwanzwa kwezvinhu nekusimudzirwa nenzira isati yamboitika. Asi chokwadi ndechekuti wakaipa achayedza nepaanogona napo kukanganisa munana wako ouisa mdove. Zvinogona kuuya sekukanganisisika kwekuverenga mubhizimusi rako, kurwiswa mukereke, kana kutaurirwa mashoko anonyangadza, asi ndinoda kuti uzive kuti Mwari akati rino igore rako remukaka nehuchi.

ore rako remukaka nehuchi.

Zvinhu zvese zvichakushandira mune zvakanaka nekuti unoziva Mwari wako, uye iye anokuzivawo. Paunenge urimukati mekurwiswa nemuvengi chengetedza kutenda kwako muna Mwari, ivo vachakuitira zvakakuvimbisa. Nhasi ngarive zuva rako ritsva apo uchaona minana inobatika muhupenyu hwako, mugore rino remukaka nehuchi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rino igore rangu remukaka nehuchi; zvinhu zvese zvagadzirirwa zvekuti ndiwane zvakanaka zvichiitikawo muhupenyu hwangu gore rino.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 16:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 20-21

**Johani 1:33**

Neni ndakanga ndisingamuzivi, asi wakandituma kubhabhatidza nemvura ndiye wakati kwandiri Uyo waunoona Mweya achiburuka pamsoro pake, ndiye unobhabhatidza noMweya Mutsvene.

Kana ukaziva chawakadaidzirwa, ibva waziva kuti kukunda kwako kwakuitika Dambudziko rine vanhu vazhinji nderekusaziva zvavakadaidzirwa. Kana ukaita basa rawakadaidzirwa uchitevedzera zvinodiwa, unowanazvese zvaunenge uchida pakurarama kwako. Paune muono, Mwari vanokupa chese chinodiwa pakurarama kwako. Johani anotiratipa zano rekuti tingaziva sei zvekuita tisingakanganise. Akati iye aibhabhatidza nemvura nekuti akange asati ave kuziva Jesu. Akange akamiri-

ra kuti aone uyo aiomharwa namweya mutsvene. Unogona kusaziva bhizimusi raunofanirwa kuti uite, asi bhhabhatidza ese. Raunoona richikupa mari yakawanda ndiro raunenge uchifanirwa kuti uite. Ndiri kuti ita zvese zvaunogona kuita kusvikira wawana chacho chinoita kuti uite mari yakawanda.

Usangopeta maoko ako, uchimirira kuti chacho chanofanirwa kuita chichakuvina, kwete, chingotanga kuita chimwe chinhu, paunenge uchishanda kudaro uchawana chacho chaunofanira kuita. Bhabhatidza zvese, ugwana chako chekuita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozvipira kuita zvese zvinondipa mari kuti ndigoziva chacho chandinofanirwa kuti ndiite nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 48:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Makoronike 32-33

**Jobho 22:29**

Kana vakakusundira pasi, iwe uchati ,Ndichasimudzwa; iye anoponesa munhu anozvininipisa.

Vanhu vakawanda vanoti, "Munhu waMwari tirikungoedzawo kurarama nemamiriro akaita zvinhu kudai." Mubvunzo wangu ndewekuti "Uri kuitei pamamiriro ezvinhu acho?" "Vakoma nehandzvadzi dzangu, tinofanirwa kurarama tiri pamusoro pemamiriro ezvinhu. Bhaibheri rinoti kana zvinhu zvave kudonha tinofanirwa kuti titi tiri kusimudzirwa. Hakuzi kungotaura chete asi kutaura kwekutenda uye chinenge chirichokwadi nekuti uchasimudzirwa zvechokwadi. Hatimbofa takanyura vamwe pavanenge vavekunyura nekuti zvese zvinodiwa pakurarama kwe-du zvinobva kudenga.

Ko unoshaya sei kana kudonha pasi kana ari mauri asingashaye kana kutambudzika? Uri mbeu yaMwari, hurombo kana zvirwere hazvisi zvako. Uchaenderera mberi uchutonga nekutora nyika kuburikidza nesimba raMweya Mutsvene. Pavanenge vachikuudza nezvemambudziko arimunyika kana ezvemari vaudze kuti haupinde muhurukuro dzakadaro nezita raJesu! Hurombo kana kusamira zvakanaka kwemamiriro ezvehupfumi zvinogona kunge zviripo asi hazvisi zvako ramba kutaura nezvazvo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ari mandiri mukuru kudarika arimunyika. Ndaka berekwa kubva kudenga uye ndakauya panerinopasi kuzotonga. Ndinorarama hupenyu hwangu pamusoro pezvinoitika muhupenyu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 3:31

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Nahum

**Genesisi 3:11**

Iye akati, Ndiyaniko akakuudza kuti hauna kusimira? Wakadya kanhi muti wandakakuraira kuti urege kudya?

Chinogadzira hunhu, tsika nemagariro nekutenda kwemunhu, ruzivo rwaanasangana narwo. Zvaunoziva ndizvo zvinoita kuti ubudirire kana kukundikana. Kana wakaipa akauya anoshandisa ruzivo rwaunenge uinarwo kuti ukubate narwo, uye chinomudzvinga chiyedza chinouya mauri kuburikidza neruzivo rwaunenge wavenarwo. Unoona, muvengi paakavinga Adhamu mubindu re Edheni akashandisa ruzivo rwakange ainarwokuti akwezve Adhamu naEvha kuti vadye muchero wemuti wakange warambidzwa naMwari, zvikakonzera kuti vaone kusapfeka kwavo. Mwari pavakadzika haana kuvambunza kuti chii chakange chaita

kuti vasapfeke asi kuti ndiani akuudzai kuti hamunha kupfeka.

Sarudza nekupepeta ruzivo rwaunowana. Dzimwe mharidzo nemamwe mabhuku aripo kukuratidza kusapfeka kwako. Mwari vakatokuregerera hauna tsvina pauri. Ndiyani akuudza kuti urnechivi kana kuti urimutera? Ruzivo rwunobva kune wakaipa irworwo. Uri rudzi rwakananganurwa, chisikwa chitsva muna Jesu Kristu. Zvinhu zvese zvave zvisva. Iva neruzivo urwu kubvira nhasi kuti unodiwa naMwari. Wakasarudzwa uye urimambo nemuprista wake. Mauri mune simba zvisineyi nemamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pfungwa dzangu dzirikushandurwa kuburikidza neruzivo rwandiri kuwana pamusoro palshe wedu Jesu Kristu Ndirikusimudzirwa kuburikidza neshoko raMwari uye ndirikuziva kuti ndiri ani nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 22-23, 2 Makoronike 34-35

**Mateo 24:24**

Nokuti vachamuka vana Kristu venhema navaporofita venhema vacharatidza zviratidzo zvikuru nezvinoshamisa kuti kana zvichibvira vatsautse navasanangurwawo.

Kunyengera zvinoreva kuvigira munhu chokwadi, asazive zvinenge zvichiitika. Jesu akati nemazuva ekupedzisira, zvichireva pamhedzisiro yazvo zvese, kunyengerana kunenge kwawanda. Saka tinofanirwa kuziva nzira yakakurisa yekunyengera ichashandiswa newakai-pa. Jesu akati ngwarirai vadzidzisi venhema, zvichireva kuti wakaipa achaedza kushandisa hushumiri wekudzidzisa kuti anyengere vanhu vakawanda. Mazuva ano ukateerera dzidziso iriko unoona kuti inenge ichinyengedza vanhu kuti vapinzwe muhunengeri kana kuti inenge iri nzira yekutiza nayo kubva kununyengeri.

Sarudza zvakanaka waunoteerera nezvaunoteerera nekuti ndizvo zvinoratidza kuti uri kunyengedzwa here kana kuti kwete. Kuva neruzivo rwakakwana ndiko kunokubatsira kuti usanyengerwe. Iva neruzivo rwakakwana kuburikidza nekuverenga kwako shoko raMwari, uye nekudzidziswa nevanotaura chokwadi. Paurikuverenga rugwaro rwuno pane chiyedza chirikuuya mumweya wako. Hazvisi kuzova nyore kune wakaipa kuti akunyengere.

Zvipire pakuverenga kwako shoko raMwari, woita zvese zvaunogona kuti urizive pachako. Usamirire kuverengerwa shoko nemuparidzi, asi riverenge-wo pachako, uye kunyangwe raparidzwa kwauri, ongorora seva Berean kuti zwaparidzirwa nezvirimushoko zvirikuenderana here.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ririmumoyo mangu rinounza chiyedza kwandiri. Handisikuzowira muhunyeri kana zvinovhundutsa. Ndino-tungamirirwa pamweya nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 119:130

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Zefanaya

**Johani 1:13**

Avo vasina kuberekwa neropa kana nokuda kwenyama, kana nokuda kwomurume asi naMwari.

Tirikurarama mumazuva apo unoona vanhurume nevanhukadzi vakuru chairo vachipatarika kutsvaka ana baba vavo vakavabereka avo vakanyangarika vasati vaberekwa izvo zvinokonzeresa kuti vatadze kuita chero chinhunekuti vanenge vari mushishi yekutsvaga. Izvi zvinokonzeresa kuti vanhu vakadai vage vachinetsekana mupfungwa dzavo.

Shungu dzekuda kuziva mubereki wako kana kwaunobva dzinogona kukukanaganisa pakurarama kwako. Vamwe vanoda kuziva dzinza ravo chairo bekwavanobva kuitira kuti vave nehama dzavo. Asi bhaibheri rinotiudza kuti tirivana vaMwari. Takaberekwa kubva

kudenga uye ndicho chokwadi chizere.

Rangarira kuti kana Jeremiya chaiye akaudzwa naJehovha kuti vakange vamuziva asati avepo mudumbu raamai vake, zvichireva kuti akange amborarama mune imwe nyika asati abatanidzwa nemhuri yeke yepanyama. Uri mbeu yaMwari, ropa ravo riri mauri.

Hakuna chinhu kana munhu anokwanisa kukumisa nekuti uri mbeu yeuyo arikumusorosoro. Enad unokunda. Mukaka nehuchi ndezvako nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimumiriri waJesu Kristu uye ndakaberekwa kubva kudenga. Hapana chinondimisa uye hapana anondimisa. Mukaka nehuchi ndezvangu nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 1:5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 1-3

**Mapisarema 92:12-13**

Akarurama achamera semuchindwe, achakura semusidhari paRebhanoni. Vakasimwa mumba maJehovha vachakura muvazhe dzaMwari wedu.

Nyika yeRebhanoni inemamiriro ekunze anehukasha nekuti dzimwe nguva kuno naya mvura inemhepo yakawanda inoparadza zvivakwa nemiti. Asi pane muti mumwe chete munyika iyi usingazungunutswe nedutu remvura uye muti uyu,muchindwe.

Muchindwe weRebhanoni unongokotama chete wodzokera panzvimbo kana pakaita dutu remhepo kana mvura yakawanda. Haukotame nekuti unenge uinehutura kwete asi kuti unenge uchienderana nezvinenge zvichiitika ipapo. Kristu akakuita wakarurama wake, uye vakarurama vanoita semuchindwe weRebhanoni.

Kunyangwe vakataura kana kunyora zvakaipa pamusoro pako, iwe unongokotama wodzokera panzvimbo yako. Wakasimba uye unoenderana nezvinenge zvichiitika paunenge uri, sezvinongoita muchindwe weRebhanoni.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kristu ndiro dombo rangu pandimire, Hapana chinombondizungutsa. Hakuna dutu remvura kana mhepo inokwanisa kuzunza bhizimusi rangu, wanano yangu hushumiri hwangu chero chipi chine chekuita neni nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 4:16-18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 4-6

**Johani 8:32**

Uchaziva chokwadi, uye chokwadi chichakusunungura.

Kugara usingazive chokwadi chiri-mushoko raMwari kunokonzera kuti ugare urimuhutapwa wosangana nematambudziko anosanganikwa nawo nevanhu venyika. Bhaibheririrnoti chokwadi chaMwari ndicho chinokusunungura. Ongorora kuti zvirikunzi unosununguka.” Chimbofunga paine nhunzi inenge irimubhodhoro rakavharwa, paunovhura chivharo chebhodhoro unenge waisunungura uye ukazopidigura bhodhoro racho uchiimanikidza kuti ibudemo unenge watoisunungura.

Kana ukaziva chokwadi chaMwari unobuda munhamo nematambudziko anounzwa nemuvengi. Chokwadi

cheshoko raMwari chinokubuditsa mematambudziko akawanda

Shoko raMwari raurikuverenga nhasi ririkutokusunungura. Zvese zvehupenyu hwako zvirikudaira zvichibvumirana neruzivo rwawave narwo pamusoro paJesu Kristu. Hupenyu hwako huchayerera semukaka nehuchi. Urikuswa muchiyero chezvakanwanda nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaropafadzwa nalshe. Jehovha ndiye anondichengetedza nekundirwira. Ndakachengetedzwa nedenga uye rinondirwira nezita raJesu Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 8:36

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 7-9



Mabasa Avapostori 19:20
Naizvozvo shoko raShe rikakura nesimba rikakunda.

Vanhu varikukwira nekudzika siku nesikati vachitsvaga nzira dzekuti vabudirire nadzo muhupenyu. Unogona kunge urikutsvaga kundiso mudambudziko rauinaro mubasa rako, mubhizimusi rako kana mmuwanano yako, iro ririkukonzera kuti ushaye hope mazuva ese, kokundiso yako inobva kupi? Nhasi ndirikuda kukupa mhinduro.

Vhesi redu ranhasi rataura chinhu chakakosha. Waone here kuti chakakura chikakunda haasi muapostora asi kuti ishoko raMwari? Simba raMwari rine simba rakakurisisa! Zvizadze neshoko raMwari unoona uchikunda kuburikidza naro.

Nhasi Mwari varikukupa kukunda kuburikidza neshoko ravo. Shoko rega rega raMwari rawakanzwa ukachengeta mumweya wako ririkubukira senzira yekuti ukunde!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ririkukunda kuburikidza neni. Vanondida uye kubwinya kwavo kunoratidzika kuburikidza neni nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 4:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 10-13

**Johani 4:35**

Koi mi hamuti kwasara mwedzi mina kucheka kwasvika? Tarirai ini ndinoti kwamuri Simudza meso enyu, wonai minda kutiyatoibvira kucheka.

Ibasa remuKristu wese kutendeutsa vakarasika. Kuunza vakarasika kuhushe hwaMwari ibasa rinofanirwa kuitwa nemwana waMwari wese. Ndinogara ndichinzwa vaparidzi vakawanda avo venenge vaenda kunoita misangano mikuru yekushumira Mwari vachidzoka vachichema chema vachiti zvirikunetsa kutendeutsa vanhu, nharaunda yakaoma. Pavanenge vachitaura nezve nharaunda yakaoma, vanenge vachireva nzvimbo dzavanenge vachishumira vari vachida kutendeutsa vakarasika. Tine zviuru zvakawanda zvemakereke nezvikwata zvinosangana zvichinamata uye ruzivo urwu ndirwo rwakaita kuti ndiite zvinobatika, saka chimbomira nd-

ikutsanangurire.

Bhaibheri rirkuti tinofanirwa kutarisa mudenga kwete pasi. Ukatarisa pasi unenge wakanganisa nekuti bhaibheri harina kutiudza kuti titarise pasi. Kristu ndiye anopa goho uye akati riripo rakawanda, zvekuti harinetse kukohwa. Hatifanirwe kunetseka kutsvaga vanhu vekutendeutsa, nekuti vatoriko nechekare; vatoripo nechekare. Chedu kungovaendera tovaendesa kuna Kristu. Hareruyah!

Nharaunda yauri inogona kunge ichikuvhundutsa asi goho riripo rakawanda. Vechidiki vanogona kushandiswawo mubhasa rekuita vavhangeri kuti pave neshanduko muhupenyu hwevanhu. Kutori nemumwe munhu akatokumirira izvezvi kuti uye kwaari kuzomuparidzira, atendeuke atambire Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwake. Tarisa kudenga!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoita basa rangu rekutendeutsa vakarasika nemwoyo wangu wese, goho randakaidzirwa ritoripo uye zvitori nyore kuti ndiite basa iri. Ndi-chatendeutsa nyika dzakawanda nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 11:30

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 14-17

**Dhaniyeri 7:9**

Ndikaramba ndakatarira kusvikira zvigaro zvose zvoushe zvagadzwapo, mumwe akakwefura pamazuva ake akagarapo, nguo yake yakange yakachena sechando uye vhudzi romumusoro rakange rakaita semakushe akanatswa; chigaro chake choushe chakange chiri murazvo yomoto makumbo acho uri moto unopfuta

Dambudziko rese raunarino ririkuyedza kudukupisa simba raMwari. Asi, hakunadambudziko rakakura kudarika Mwari. Mwari vakange varipo nguva isati yatanga, uye pamberi pavo, hakuna chinhu chitsva kwavari, chingave chakanaka kana chakaipa. Hazvinei kuti unenge wasangana nedambudziko rakaita sei, Mwari vanoramba vaine simba rakakura pamusoro pezvese.

Dhaniyeri anodaidza Mwari achivati Musharukwa Wakare. Zvinoreva kuti kana nemazuva anoti Mwari ndewekare. Paunomunamata unenge usinganamata chivezwa chakavezwa nezuro asi iye akararama nguva isati yavepo. Anokuziva zvauri mukati nekunze kwako, uye hapana dambudziko ritsva kwaari.

Hakuna anogona kuvhotera Mwari kuti vapinde kana kubva pabasa ravo. Vanogara muhutongi hwavo vega. Hurwere uho huri mumuviri wako kana dambudziko riri kuchikoro kana kubasa rako hazvienzane nesimna rina Mwari. Chitarisa uone kupidiguka kwakuita zvinhu zvese muhupenyu hwako, nekuti ruoko rwaMwari rwuri pamusoro pako. Mbiri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari wangu ndimusharukwa wekare. Akararama dambudziko rangu risati ratanga. Ndinonamata iye mukuru anozvidaidza achiti Ndini Zvinhu zvese muhupenyu hwangu zvirikundishandira munezvakanaka nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvakazarurwa 22:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 18-22

**Genesisi 1:26**

Mwari akati, Ngatiite munhu nomufananidzo wedu, akafanana nesu, ngaave nesimba pamusoro pehove dzegungwa, napamusoro peshiri dzedenga, napamusoro pezvipfwo napamusoro penyika yose, napamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira panyika

Mwari paakasika nyika akapa munhu simba rehutongi pamusoro payo. Adhamu akapihwa mvumo pamusoro pevhu nezvisikwa zvese zvakasikwa naMwari. Ndizvo zvakaitawo kuti Mwari asike Evha, Mwari havana kubata ivhu nekuti vakange varipa kuna Adhamu. Mwari vakabata Adhamu chinova ndicho chisikwa chavakange vasika vaine hutongi pamusoro pake.

Zvinhu zvese ndezvedu vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, uye kana tichi-da kuti Mwari apindire munyaya dzedu sevhanu pasi rino anofanirwa kupihwa

rezenesi rekudaro nesu vanhu. Ndinoziva kuti urikutobvunza kuti munhu anopa Mwari rezenesi sei? Mhinduro, kunyengetera. Patinonyengetera ndipo patinopa Mwari mvumo yekuti vapindire munyaya dzedu. Bhaibheri rinoti munhu anofanirwa kuti anyengetere nguva dzese asinganete, zvichireva kuti paunomira kunyengetera unenge waneta.

Ndinokukurudzira kuti kutanga nhasi uzviipe nguva yekunyengetera zvo-va saizvozvo mazuva ese. Unoona Mwari vachipindira vachipedza dambudziko rawanga uinaro kwenguva yakareba iro ranga richikutadzisa kurara. Kunyangwe wakaneta usisina simba nyangetera unoona Mwari vacikubvisa joki rese rawanga uinaro pamapfudzi ako nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutema chirevo chekuti Mwari vapindira munyaya yangu uye ndivo vachaipedza Zvese zvanga zvichinditadzisa kurara ndazviisa mumaoko aMwari uye zvese zvehupenyu hwangu zvapinda mugwara rakanaka nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 18:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 23-25

**Ruka 19:40**

**Akapindura akati Ndinokuudzai kana
ava vakanyarara, mabwe anodaizira.**

Kana tikatarisa midziyo yemumba mako kana mbatya dzekupfeka, tinoo-na kuti pane dzimwe dzaunokwanisa kupa vamwe vanhu asi pane dzimwe dzinenge dzakakosha kwauri. Unotoz-vinzwa pauri kuti haukwanise kurasikir-wa nadzo, hadzitsivike. Ndizvo zvim-we chete zvinoitika muimba yaMwari. Kune vanhu vakakosha kuna Mwari zvekuti haadi kurasikirwa navo. Mwari vanokoshesa vanhu ava muhushe hwavo kuburikidza nebasa ravanenge vachiita. Kunogona kunge kuri kuzvipi-ra kwavo kuenda kukereke vachibata basa raMwari kunogona kunge kuri kupa kwavo chero kuita chimwe chin-hu chinosimudzira hushe hwaMwari.

Muvhesi redu ranhasi, Jesu akaudza vateveri vake kuti kunyangwe vanhu vakatadza kumurumbidza, matombo aizomuka kuti amurumbidze. Mwari vanokurumidza kutsiva munhu kana asingaita basa ravo.

Usabvumire kuti kuve nemumwe munhu anokutsiva pakuitwa kwebasa rako muimba yaMwari, iwe uchiri mupenyu. Ramba kutsivika! Nzvimbo yainayo iyo kana uchiida hapana anokutorera hauna anokutsiva, nezita raJesu. Zvipire kuna Mwari nemiono yese yavanokupa, hautsivike nezita guru raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handitsivike uye ndichasiya rupawo rwangu pane rino pasi rwu-sina munhu anokwanisa kurudzima. Ndine nyasha nezodzo zvakakura zvirikusjanda mukati mangu nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

2 Timoti 2:20-21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 26-29



Mapisarema 55:22

Kandira mutoro wako pamusoro pa-Jehovha, iye achakusimbisa, haanga-tongotenderi wakarurama kufi azungunutswe.

Avo vanoisa zvese muruoko rwaMwari vanoona ruoko rwaMwari rwuchishanda muhupenyu hwavo. Vanhu vabowanzonetseka nezvimwe zvinhu zvisineyi navo. Rangarira kufi hauna kungoerekana wauya panerino pasi, Ishe vakakuziva usati wagadzirwa mudumbu raamai vako.

Mwari vanoziwa zvido zvemwoyo wako uye nezvese zvaunofanirwa kufi uwane kudarika zvaunozviita iwe. Saka paunonyengetera nhasi regedzera zvese zvinetseko zvako kwavari, ivo vachapedza dambudziko rako. Hapana dambudziko riri kuzokumedza uye mutoro wabviswa pamapfudzi ako nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuisa mitoro yangu yese mumaoko aMwari avo vachaigadzirisa. Handimbofa ndakashaya hope nekufi hupenyu hwangu huri mumaoko akanaka nezitara Jesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 29:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 30-31



Jeremiya 1:4-5

Zvino shoko ra Jehovha rakauya kwandiri richiti, Ndakakuziva ndisati ndakuumba mudumbu raamai ndakakuita kuti uve muporofita wamarudzi avanhu.

Vara rekuti kuziva rinonzi 'yada' nechii Hebheru uye rinoreva kuva neruzivo rwakakwana. Vasati vaumba Jeremiya mudumbu raamai vake, Mwari vakamuziva zvaakange ari. Kune nzvimbo yawakange ugere usati waya pane rino pasi. Saka Mwari vanokuziva zvakananyisisa kudarika munhu arikuda kukuwisira pasi. Une nhoroono yakakura yekukundaunobva kunai ye akakuziva usati wavapo, shamwari yako. Mufundisi kana mudzidzisi asati akuumba.

Mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako anogona kudakudzikisira kubwinya kwaMwari kuri mauri, asi ziva chinhu ichi uve nechokwadi nazvo: Mwari vanokuziva kudarika zvaunozviita iwe. Vari pedyo newe kudarika zvuri kwauri. Simudzira mapfudzi ako uudze munhu wese kuti unozivikanwa nemunhu anesimba kudarika munhu wese uye aripamusoro pezvese anesimba panerino pasi nekudenga. Vamwe vanodada nehochekeche dzavainadzo nevanhu vepanyika asi kwauri, Mwari ndiye hoche keche yakakurisisa. Mari yako iri kuuya uye wane hutano hwakanaka zvausati wamboona nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Cheviri change chinobva kudenga; handishaye zvakanaka. Kunobva zvangu kwakakurisisa nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 23:1-2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 32-34

**VaFiripi 2:13**

Nokuti ndiMwari unobata mukati menyu kuti mude uye muite kuda kwake kwakanaka.

Unenge wavekunzwisisa shoko zvakasanangurika vakoma nehandzvadzi dzangu kana wave kuziva kuti harisi basa raMwari kugadzira minana. Unenge usingazive Mwari zvakakwana kana uchivati vanogadzira minana. Kunzwisisa kwako kana kwavhurika uchaziva kuti iwe ndiweunogadzira minana. Ndinoziva kuti zvandirikutaura zvinoita kunge zvinoyera asi ndirwo rwuzivo rwemashandiro anoita Kristu mauri, rwaunofanira kuva narwo.

Bhaibheri rinoti tiri nhengo dzemuvi-ri wake, zvichireva kuti paanofamba ndisu tinenge tichifamba. Tirim-

ubatanidzwa wezvaari tiri vaiti vemabasa ake. MuApostora Pawuro vanoti ndinokwanisa kuita zvese kuburikidza naKristu anondipa simba. Arikuita ndiyani apa? Ndiwe!

Ukakwanisa kuwana chizaruro ichi, hakuna chinokuvhundutsa kana kuku tirimutsa. Unenge usina hushingi chete asi unenge wave nehushingi hwaMwari. Chitotanga kuraira munana wako wese kuti uchivapo nezita raJesu. Usamirire Mwari kana zvimwewo zvemweya kuti munana wako uitike. Utaure ugoushanda nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muiti weshoko raMwari uye nyasha dzaMwari dzakandiwandira zvekundipfumisa nezitaraJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiripi 4:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 35-37



Jeremiya 20:9
Kana ndichiti handichamurangariri, kana kutaura nezita rake ipapo mu-moyo mangu mava somoto unopfuta wakapfigwa mumapfupa, angu nda-neta nokutsungirira handichagona.

Masamanisi itsamba inotumirwa ne-dare inenge ichikuudza kuti unofanirwa kunge uchiuya pamberi pedare. Tsamba iyi inouya nechikonzi chinogona kuuya chichichovha bhasikoro asi simba rayo rinenge riri mune anenge ayinyora. Masamanisi ekudenga akakura kudarika chero upi mutoro waunenge uinawo, haukwanise kuramba kana kukakavadzana nesamanisi rekudenga. Ndiko kudaidzwa kwepamusoro kunoitwa naMwari.

MuPorofita Jeremiya akamboedza kuregedza kuita basa raakange atumwa asi shoko raMwari rakauya kwaari

rikaita semoto mumapfupa ake zvekuti kunyangwe akayedza kuramba zvakakona. Saka sei tichingoenderera mberi nekuparidza nhau dzakakana dzaMwari kunyangwe tichisangana nekupokana kwakanyanyisa pakuitwa kwebasa iri? Inyaya yekuti Mwari akakudana kuti unge urichikamu chebasa iri harirambike.

Teerera masamanisi anobva kuna Mwari, kupupura kwako kuchaitika uripakati pekuita basa raMwari. Ukonzwa zvinenge zvataurwa naMweya Mutsvene mukati mako usanonoke kuzviita. Ita nekukurumidza. Unogona kunge wadaidzwa kuti uparidze, chero ripi basa raunenge wadaidzirwa kuti uite. Nhasi ndiro zuva rako rekutanga rekuita basa iri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadaidzwa naMwari uye zvavanondipa zvakanwanda. Handimbofa ndakaregedza kuita basa raMwari kusvikira pakubvutwa kwevatsvene. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 1:16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 38-40, Mapisarema 74, 79

GOODNEWS TESTIMONIES

Michelle Louise



Growing up Michelle suffered a lifetime of abuse, she was homeless at 14, seeking the pleasures of this world. She spent 15 years working in night clubs and was continually chasing an escape from this world and almost lost her life in October 2021 by consuming an overdose of alcohol and drugs. She reached an all-time low in her life and cried out to God. It was only a few days later that God ordained her steps to Spirit Embassy The GoodNews Church. She was captivated by the profound teachings of Prophet Uebert Angel. Jesus Christ has now completely healed her from all the trauma that she experienced as a child and she now finds comfort in reading the GoodNews Daily every morning as it keeps her aligned with God's Word daily.

Michael Mason



Michael came to know Spirit Embassy and the teachings of Prophet Uebert Angel through Youtube. For many years he had been discouraged by his past experiences with dating and finally asked God to be his matchmaker. For the first time in his life, Michael put all his trust in God. He listened to the many teachings by Prophet Uebert Angel and understood that marriage should be for ministry. In 2022 he met a woman of God and in April 2023 God answered his very prayer and he married the perfect woman for him, who was set apart and on fire for the Lord.

Kyle Palmer



Three years ago Kyle's biological father passed away and it made it hard for him to remain consistent in his walk with the Lord. He became really bitter and stopped going to church completely. He was invited to Spirit Embassy in November 2021. He thought it was like every other church he attended in the past, until the congregation started to sing the GoodNews Anthem. It was in that moment, he realised that this is more than a church, it is an extension of his family. In that moment he experienced the tangible love of God. Although his biological father has gone home to be with the Lord, God has blessed Kyle with a spiritual father - Prophet Uebert Angel and as a result he has completely changed the trajectory of Kyle's life through his teachings.

GOODNEWS TESTIMONIES



Samarpit Dongardive

Samarpit attended Spirit Embassy, The GoodNews Church in January 2023, and it marked a huge turning point in his life. He had always been curious about matters such as spiritual warfare, and the existence of spiritual beings, and this is the exact place where he found the answers to all of these questions and more, through the profound teachings of Prophet Uebert Angel. Since joining the ministry, he has been blessed with countless testimonials, including numerous divine angelic encounters. By applying what he has learned he has grown deeper in the knowledge of God.



Shiney Santosh

In September 2022, Shiney was walking up a flight of stairs, and was suddenly gripped by a sharp pain in her right leg. After being examined by neurosurgeons it was revealed that she had compressed nerves stemming from a disc bulge in her spine. She was confined to a hospital bed for three days. The surgeons recommended surgery on her lower spine, warning that a failure to proceed could result in permanent leg damage. Throughout this ordeal, she was guided by the teachings of Prophet Uebert Angel through the book "God's Medicine." Prophet Uebert Angel also declared the cancellation of all surgeries and as the day of her appointment arrived she declared divine health over her life and was completely healed from head to toe. She did not any surgery. Praise God, she received divine healing in her body.



Malindika Perera

Prophet Uebert Angel introduced Jesus Christ as a lifestyle to Malindika in 2019, and he soon realised that Christianity is not a religion, it is a relationship with our Lord and Savior Jesus Christ. Before joining Spirit Embassy The GoodNews Church, Malindika had never heard the gospel being preached with such profound revelation. Every word he heard being preached, touched the very core of his Spirit. Through the teachings of Prophet Uebert Angel, he began to grow in his personal walk with the Lord. Prophet Uebert Angel has opened his eyes to truly see and understand the gospel like never before.

**2 Petro 1:12**

Saka handingaregi kukuyeudzai zvinhu izvi nguva dzose kunyangwe muchazi-va henyu uye makasimbapazvokwadi yamuinayo.

Zvizaruro zvaMwari hazvimire kana kuramba zvakadaro zvinoramba zvichien-derera mberi zvichichinja zvichien-derana nenguva. Zvaitika kare uye zvichinzwisika zvinogona kusanzwisika nhasi. Saka Mwari vanodurura chingwa chitsva nguva nenguva. Haungade Mwari anogara muchinyakare asi anorarama muneranhasi.

Tese tinoziva kuti Mwari vakapatsanura gungwa mumazuva aMozisi, asi iwe unodaMwari anopatsanura gungwa rako nhasi. Rinogona kunge riri gungwa remari, kana rehutano iro rinenge richida

munana ipapo ipapo.

Bhaibheri rinoti gara muchokwadi chanhasi. Kana chokwadi chanhasi chichizovapo, zvinoreva kuti kuna nezuro nhasi nemangwana. Taimboziva Jesu semugadziri wenzira yedu, asi nhasi tave nechizaruro chekuti urinhengo yemuviri wake, haachakuvhurira nzira asi iwe wavekugadzira nzira urimaari. Hakuna chichakumisa kana kukurambira! Enda unotora nzvimbo dzese dzive dzako nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari chiporofita chechokwadi kwandiri. Ndiri kuraira gonhi rese kuti rindivhurikire nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: 2 Madzimambo 24-25, 2 Makoronike 36

**Mapisarema 119:130**

Kuzarurwa kwamashoko enyu, kunopa chiyedza, kunopa njere vasina mano.

Mamwe maKristu anoimba ka rwiyo kanoti "kamwenje kangu aka," sekunge chiyedza chaMwari chiri mavari chinogona kungodzimwa newakaipa kana mamiriro ezvinhu muhupenyu hwavo mukanguvana kadiki. Mwenje waMwari uri mauri hausi mudiki. Bhaibheri rinoti, kupinda kweshoko raMwari mandiri kunounza chiyedza. Vara rinoreva chiyedza rironzi 'photizo' nechiiHebheru kana kuti 'phos' nechigiriki uye zvinoreva magetsi anobaka munhandare yemitambo kana kubaka kwemagetsi akawanda. Mutambo unogona kutambwa munhandare yemitambo husiku vanhu vachinyatsoona pasina anochema

chema kuti atadza kuona nekuti chiyedza chinenge chakavheneka zvekuona chero kanhu kadiki diki.

Pauri kuverenga rugwaro rwuno kune chiyedza chiri kutopinda mauri. Wakaipa haakwanise kugara mauri. Unesimba rekubvisa chero ripi gomo rinowanikwa muhupenyu hwako. Bvumira kuti shoko raMwari rikure mauri ugokunda matambudziko ese. Chiyedza chiri mauri hachisi chako wega asi chinobatsira vamwe vakakukomberedza kuti vaone nyasha dzirikushanda muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chiyedza chenyika ino uye huvapo hwaMwari hunopenya kuburikidza neni. Handihwandisike kana kumisa nechinhu nekuti ari mandiri mukuru kudarika ari payika.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 5:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Habhakuki

**Mabasa Avapostori 17:28**

Nokuti maari tinehupenyu, tinofamba, tiripo, sezvavakareva vamwe vanyori venziyo vokwenyu vachiti Nokuti tiri rudzi rwakewo.

Mamwe maKristu anoziva Kristu semunhu wemweya uye arichikamu chaMwari vatatu arimumwe; nekuti vamwe vanomuziva ari baba vekudenga anotambira mikumbiro yavo nekuvabatira, asi vakoma vangu nehandzadzi dzangu ndoda kuti muzive kuti Jesu akakura kudarika izvozvo. Bhaibheri rinoti tinorarama muna Jesu, tichifamba nekugaramo. Kune chizaruro chakakosha paunoziva Jesu zenzvimbo, uye tinofamba mukati menharaunda yake.

Nharaunda yaJesu inesimba kudarika matambudziko ese aripanyika ino. Uchakunda ese nekuti wakatakura mhengo yaJesu. Chinenge chayedza kukumisa chinenge chatovamba hondo nedenga. Hapana chinokumisa kana uchirarama uri muna Kristu. Unesimba uye haubatike nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogara muna Kristu. Ndinogara kufamba nekurarama muna Jesu Kristu. Zvese zvirimaererano nehupenyu hwangu zvinorairwa kuti zvifambe mune zvakanaka nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 41-45

**Ekisodho 13:21**

Jehovha akavatungamirira masikati neshongwe yegore rokuvaparekedza panzira usiku neshongwe yemoto yekuvavhenekera kuti vafambe masikati nehusiku.

Vana valsraeri pavakabuda munyika yeJipiti Ishe vakavatungamirira neshongwe yemoto husiku uye neshongwe yegore masikati. Gwenga inzvimbo inorwadza nekuti kunotonhora mahusiku uye kunopisa zvikuru masikati. Sezvo zvaizivikanwa kuti ndiwo mamiriro akange akaita renje, Mwari akavagadzirira mamiriro ekunze aizovachengetedza kubva muhukasha hwenzvimbo iyi.

Kuchaita nguva yekuti uchange wavekupupura pamusoro pezvinhu zvisinga nzwisike, zvinenge zvaitwa

naMwari muhupenyu hwako. Zvinenge zvichiita kunge manyepo nekuti Mwari vavekukupa mamiriro ekunze anoenderana nezvirikuitika kwauri. Vamwe pavanenge vachiti zvinhu hazvisi kuvafambira zvakana, iwe uchange uchiti tasimudzirwa. Rangarira kuti urimumiriri wedenga panerino pasi, unopihwa chekudya nekuwaniswa zvese zvaunoda muhupenyu hwako nedenga

Hapana chekutya nekuti tirimunyika asi hatisi venyika. Nharaunda yedu idenga. Tinorarama hupenyu hwemukaka nehuchi! Haushaye zvinhu zvakana muhupenyu nekuti zvese urikuzvipihwa nedenga kusvikira panguva yekubvutwa kwevatsvene. Amenii.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama hupenyu hwemukaka nehuchi. Ndirimumiriri waKristu uye nyasha dzaMwari dzakandiwandira nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Jobho 22:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 46-48

**Johani 15:19**

Kana maiva venyika, nyika yaida vayo, zvino zvanusati muri venyika asi ini ndakakusanangurai panyika sakan-yika inokuvengai.

Mazuva ano munyika munekusagadzikana zvinhu hazvina kumira zvakanaka nekuti mamiriro ezvehupfumi arikudonha, misika ichidonha. Kune maKristu arikushaya kuti achararama sei zvinhu zvakamira nenzira iyi. Nzira yekukunda nayo imwe chete, uye kuramba kupinda munezvirikuitika. Siya vari murima vachiche-ma asi iwe nyarara nekuti unoziva kuti uriwedenga, zvako zvinobva ikoko. Bhaibheri rinoti tirimunyika ino asi hatizi venyika ino. Usateerere zvinotaurwa newakaipa. Hatibatwe nezvirikuitika munyika umo mane kushomeka kwez-

vinhu, kudonha kwezvinhu nehurombo. Zvedi zvinobva kunyika yeZiyoni. Nyika painenge ichiti zvadhakwa, isu tinenge tichiti tirikusimudzirwa.

Paurikuverenga chiporofita chinoich, uchaona wavekubatsirwa kubva kunzvimbo dzakasiyana siyana. Hasi kuzopinda munyonganyonga iripo munyika. Mukaka wako nehuchi zvirikuzoyerera kunyangwe nemurenje. Uchakohwa zvakawandisisa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekwa kubva kudenga uye ndiko kunobva chouvirichange. Ndichararama hupenyu hwemukaka nehuchi gore rino nezita raJesu

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 49-50

**1 VaKorinde 15:33**

Usanyeperwe hushamwari hwakaipa hunowodza tsika dzakanaka.

Ukaita shamwari ina dzinenge dzakabhuroka iwe unenge uri weshanu. Handitomboswera ndichiporofita, ndikangoona shamwari dzako chete, ndinobva ndaziva zvauchava. Vanhu vaunozvikomberedza navo, vanowedzera kana kukuderedza muhupenyu hwako. Bhaibheri rinoti hushamwari hwakaipa hunoodza tsika dzakanaka. Zvinoreva kuti vanhu vaunoita husahwira navo vanesimba rekukuvaka kana kukuparadza.

Ndirikuda kuti nhasi umboongorora zvauri. Kana paine vanhu vasiri kuku-simudzira usavachengete. Gara chete neavo vanokusimudzira muhupenyu

hwako, vanoita kuti uvemunhu anehunhu. Mugore rino remukaka nehuchi, usachengete vanhu vasina basa muhupenyu hwako, vasina chavanokuitira panyama kana pamweya. Ongorora mazita evanhu varimufoni mako udzime mazita evese vasina chavarikukuitira usiye avo vanopapundutso kwauri, nehusha hwaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutema chirevo chekuti ndichadyidzana chete nevanhu vanounza pundutso muhupenyu hwangu. Meso angu avhurika kuti ndione avo vachasimudzira hushe hwaMwari. Ndakaropafadzwa nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 4:23

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jeremiya 51-52

**VaRoma 5:5**

Tariro hainyadzise nokuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu naMweya Mutsvene watakapihwa.

Chinhu chatinoti chakasikwa chakadaro chinhu chinenge chiri matiri uye hachidzimike. Vhesi redu ranhasi rirukutiudza kuti takasikwa tiine rudo. Vakararama mutestamende yekare vaipehwa murairo wekuti vadanane, kwete ini newe. Mweya yedu yakasanganyiswa murudo! Takanyudzwa murudo rwa Jesu, saka hatirayirwe kuti tiratidze rudo – rwunogara matiri semweya wekufema nawo nekuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu, hatitumwe kuti tide, takasikwa tiine rudo.

Sarudza kuva mutungamiri wekuyananisa nhengo dzemhuri yako kana shamwari. Jesu arikudzoka, hakuna nguva yekunetsana kuvengana kana kuita tumapoka. Vamwe vanhu havasi kutaudzana nenyaya yekusanzwisana kana kunetsana. Nhasi izuva rekugadzirisa zvese, zvinake. Unogona kuenda kudenga kana kurasikirwa naro. Usarasikirwe naro nenyaya yekuvenga. Ida vese nekutiurichisikwa cherudo, rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo mako nalshe Jesu Kristu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handitumwe kuti ndivenerudo nekuti ndakasikwa ndiine rudo. Ndirikuregerera vose vakanditadzira uye ndirikunyengerera kuti vandakakanganisira vandiregererewo. Handisisina hashu kana ruvengo mandiri nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 4:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Mariro aJeremiya 1-2



2 VaKorinde 3:18

zvino isu tose tinoti tichitarisa nechiso chisina kufukidzirwa kubwinya kwashe sepachioni oni, tino shandurwa tichifanana nomufananidzo iwoyo tichibva pakubwinya kumwe tichienda pane kumwe kubwinya sezvinobva kuMweya Washe.

Unopedza nguva yakawanda zvakadii uchizvitarisa pachioni oni kuti unenge uchitaridzika pakakanaka sei? Mazuva ano kwaane zvioni oni zvaka kwenzverwa zve 3D izvo zvinochinja chimiro chako uchisara uchiona zvinenge zvichikufadza. Unogona kuti uvemunhu mutete, kana kuti muviriwakakura uchingo chinja chioni oni ichi. Asi kune chioni oni chiri nani chinokuratidza zvakanwanda zvauri, kudarika zvauri panyama uye chioni oni ichi ishoko raMwari. Paunoramba uchitarisa mush-

oko raMwari, unobva watanga kufanana nemunyori waro.

Chioni oni ichi cho chinova bhaibheri chinoti wakaropafadzwa nemropafadzo ese emweya, uye chinoti Kristu akava murombo kuti upfume. Paunoramba uchiverenga vhesi iri unobva watanga kufanana naro. Saka verenga nekufunga pamusoro peshoko raMwari siku nesikati, ugobudirira.

Paunomuka, usati watanga kuita basa rako, tora bhaibheri rako wovverenga kuve kudywa kwako kwekutanga. Bhaibheri rinoti urimupfumi wakaropafadzwa, wakachengetedzwa ndozvazvichava nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuendera shoko raMwari uye ndichadzoka ndichipupura. Ndirikurarama hupenyu hwekupupura pamusoro pezvirikuitika muhupenyu hwangu nezitaraJesu. Amen.

MAVHESI EKVVERENGA

Jakobho 1:23

MAKWIKWI EKVVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Lamentations 3-5

**Hosea 4:6**

Vanhu vangu vaparadzwa nokushaiwa zivo; zvawaramba zivo, neni ndichakurambawo kuti urege kuva mupirisi-ti wangu; zvawakanganwa nurayiro waMwari wako neniwo ndichakanganwa vana vako.

Vanhu vanoparara nenyaya yekushaya ruzivo rwaMwari, kwete kuti vanenge vasina kuenda kuchikoro. Kana MaKristu asina ruzivo rwaMwari, tinorasikirwa nekupupura. Dambudziko rakanyanyisa kukura apa rinokonzereza zvakadai, kushaya ruzivo rweshoko raMwari. Muvengi anoshandisa zvausingazive kuti akunyengere nekukubira.

Mwari pachavo, carikuti vanhu vangu varikuparara kwete nezvituko asi nekushaya ruzivo pamusoro paMwari.

Verenga shoko raMwari mweya wako uwane chiyedza. Shoko raMwari rikapinda mumweya wako rinobvisa makwati aripameso ako, wotanga kuona zvakanaka.

Tora matanho ekuverenga shoko raMwari siku nesikati. Verenga bhaibheri rako nekuteerera, mashoko anofadza mweya wako. Kana wawana chiyedza kuburikidza neruzivo rwaunenge wawana rwaMwari, zvinobva zvakuifira nyore kuti utore nekutonga nzvimbo dzakasiyana siyana. Zvinokugonesa zvakare kuita mabasa zvakanaka uye nenguva. Endera shoko raMwari ugo pupura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari rakakosha kudarika chiyedza chirimumweya wangu. Nzira dzangu dzavhurika kuti ndiwane budiriro nekusimudzirwa nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

2 Timoti 2:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 1-4

**Isaya 12:3**

Saka muchachera mvura nomufaro pamatsime oruponeso.

Kudya kwakakwana kunosanganisira zvekudya zvakasiyana siyana zvinodiwa panguva dzakatarwa zvinopa hutano kumuviri wako. Kana pakashaika kumwe kwezvokudya zvinodikanwa mumuviri wako, panoita zviratidzo zvekusawanika kana kushomeka kwazvo mumuviri wako zvaka-ita sechirwere kana denda nezvimwewo zvakadaro. Ndizvo zvakare zvinoitika munyika yemweya.

Unofanirwa kuwana zvese zvinosimudzira kutendeuka kwako kuitira kuti uvenemweya unehutano hwakanaka. Kana uchiwana chikamu chimwe chezvemweya uchishaya zvimwe, zvinoita kuti kubwinya kwaMwari kusaoneke kwauri. Mwari varikuda kuratidza kubwinya kwavo kuburikidza newe, Uye izvi zvinokwanisika chete kana uchidya zvemweya zvakakwana.

Muporofita Isaya vanoti mukutendeuka mune matsime akawanda anosanganisira rehutano, rekupfuma, rekugarika, redzidzo nezvimwewo zvakadaro. Semuenzanisoukaona munhu anenge arimupfumi asi achirwara zvinoreva kuti akamwa mutsime rehupfumi asi haana kunwa mutsime rehutano.

Ita zvikamu zvakaenzana zveshoko raunoshandisa pane chese chinechekuita nehupenyu hwako. Usabvumira kuti pange paine chimwe chikamu chezvehupenyu hwako chinenge chinosara kumashure. Ukawana chiyedza pamusoro pechimwe chikamu chezvehupenyu hwako, zvinoreva kuti unenge watowana nzira yekutsime rachol. Paurikuverenga shoko rino ndirikuaira matsime ese anechekuita nezvehupenyu hwako kuti akuvhurikire.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

MRuponeso rwangu rwakandiigira chese chandinoda muhupenyu hwangu. Ndirikuchera mvura kubva mutsime reruponeso rwangu. Mari hutano, hupenyu hwakareba nezvakananganurika zvirikuuya kwandiri nezita raJesu Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Muparidzi 9:7

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 5-8

**2 VaKorinde 5:17**

Saka kana munhu ari muna Kristu wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura, tarirai zvose zvava zvitsva.

Hazvienderane nechitendero chedu semaKristu kutenda kuti ndisu honzeri yekufakwa Jesu. Ndinozvanzwisisa zviku ru kana kereke ichiyedza kuti tive nemufungo wakadaro nekuti inenge isina kunzwisisa zvinoreva vhesi iri. Unoziva here kuti vhesi iri ririrkuti wakambenge usipo ukazounzwe nerumuko rwaJesu kubva kuvakafa.

Vara rinoreva chinhu chitsva iro ririmu-vhesi redu rinonzi 'kainos,' nechiGiriki, zvichireva chinhu chitsva chakange chisipo. Iwe urichigadzirwa chakange chisipo. Akaita kuti Jesu afe hausiriwe asi wawakange uri usati waponeswa.

Sezvo takange tisipo sezvisikwa zvitsva hatina hochekeche nemunhu wakare akakonzera kuroverwa kwaKristu pamuchinjikwa. Simuka nhasi unakirwe nezviwanikwa zveruponeso nezita raJesu. Hupenyu hwako hwakare hakusina – hauna kumbovapo! Haunakuregererwa chete asi hauna chivi chawakaita. Urimunhu mutsva!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chitsva muna Jesu Kristu. Kururama kwaKristu kuri mandiri. Handisisna chipomerwa nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 9-12

**Jowere 3:10**

Pfurai mapadza enyu ive minondo, namapanga enyu okuchekerera miti ave mapfumo, asina simba ngaati Ndine simba.

Wakaipa chinhu chemweya chakafa pamweya nekuti haasisina hoche koche naiye anopa hupenyu. Kune zvinhu zvaasingazive pamusoro pehupenyu hwako zvaanotoziva kana iwe wamuudza nezvazvo. Kubvira mazuva aakafurira Adhamu anoshandisa hunyengeri kuti azive zvinenge zvi-chiitika oshandisa zvaanenge awana kuti abudirire pamazano ake. Anotoziva kuti urikurwara uye kuti hazvina kukumirira zvakanaka kuburikidza nemashoko aunenge wataura iwe. Anonyora pasi zvaunenge wamupa ozozvishandisa kwauri.

Mashoko anotaurwa kana zvinhu zvisingafambe zvakanaka ndiwo anoshandiswa naSatani kuti akurwise nawo. Ndosaka bhaibheri richiti, "Vanehuterwa ngavati ndakasimba", hazvireve kuti vanenge vasimba kwete. Pavanenge vachine hutera ihoho, vapererwa vakabhuroka ngavati ndirimupfumi, ndakaropafadzwa.

Usamirire kuti mari itange yauya, ingotema chirevo chekti mari irikuuya wovhiringidza wakaipa. Zvinyore kunzvimbo dzakasiyana kuti urikurama hupenyu hwemukaka nehuchi. Kwese kuneropafadzo rako kwakufashukira kwauri nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaropafadzwa zvakananyanya. Pfuma yangu haiverengeke nekuti zvese zvirikufachukira. Ndirikurama hupenyu hwemukaka nehuchi nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:3-4

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 13-15

**VaFiripi 4:6**

Musafunganya pamusoro pechinhu chimwe, asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira, pamwe chete nokuvonga.

Kana uchinge waita dambudziko rezviikwereti zvakawanda, nyaya dzekumatare edzimhosva chero ripi dambudziko raunosangana naro, rangarira kuti Mwari vanogona kukundisa pane zvese. Matenga nyenya ndezvaMwari, Anokwanisa kupidigura mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako, chero ipi nguva. Vhesi redu ranhasi ririkuti muudze mikumbiro yako, zvichireva kuti nyatso-taura zvaurikuda kubva kwavari. Iyi I cheki yekuti unogona kunyora chero chipi chaunoda kubva kuna babavako vekudenga.

Mikumbiro yaunozivisa kuna Mwari haitaurwe nezvayo chete asi unofanira kupa nenguva yaunotarisa kuwana zvaunenge wanyengeterera. Taura kuti unoda kuti hushumiri hwako huchinje, kana kuti wanano yakouye mari iuye kwauri. Usaswerotenderera kana uchiita mikumbiro kunaMwari. Doma nemazita zvaunenge uchi-da kubva kwavari. Ipa Mwari tsamba dzezvikwereti zvako. Vanokwanisa kukubhadharira. Kana paine chinhu chirikukushaisa hope kana kukutadzi-sa kufara, udza baba vako vapindire.

Nhasi ndinokukurudzira kuti unyengetere kuna Mwari wovaudza zvese zvaurikuda kubva kwavari. Rangarira kuti ndivo vakati huya titaurirane. Mwari vakakumirira kuti uuye munzwisane kuburikidza nekunyengetera. Taura navo uchaona vachikupa mikumbiro yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vangu vanogona kugadzirisa zvese zvinondinetsa. Ndirikuvapira zvese zvandirikuda kubva kwavari, vachagadzirisa zvese, nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 24:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 16-17

**Mapisarema 127:4-5**

Semiseve muruoko rwemhare, ndizvo zvakaita vana voujaya. Ane mufaro iye murume ane goba rizere navo' Havanganyadziswe, Kana vachitaurirana navavengi pasuo.

Chimboona izvi mundangariro dzako. Urikuona muvhimi akamira akagadzirira kuti apfuure miseve yake. Akamira makumbo ake akataramuka, uye akoka museve wake pahuta akagadzirira kupfura museve. Nehunyanzvi hwake anobva asimudza huta hosvika pedyo nemhuno dzake maziso ake akatarisa chinhu chaarikuda kupfura nemuseve. Maziso ake anenge akatarisa chinhu chaarikuda kupfuura obva atura mafemo. Nehunyanzvi hwemakore akawanda achivhima anobva aregedzera museve. Museve unobva wafamba mumhepo wonanga change chichida kupfuurwa.

Muvhimi uyu anoramba akatarisa onzwa museve wake uchibaya chacho change achida kubaya.

Iwe usri chombo mumaoko enyanzvi yekuvhima. Wakaunzwa pane rino pasi uine chinangwa chekuzadzikisa, uye wakatoregedzerwa kuti unangane nechirikupfuurwa nemuvhimi uyu. Nzira yaunofamba nayo inogona kunge isina kunyatsoitivete uye mhengo inogona kumbokuvhuvhuta ichida kukuwisira pasi, asi rangarira kuti zvimhingamupinyi zvinokubatsira kuti usvike kwaunenge uchienda. Unokunda chetenekuti urikutungamirirwa nenyandzvi isingapotse pakuvhima kwayo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuzobudirira! Ndiriparwendo rwekukunda. Ndakaita semuseve urimumaoko emuvhimi ane hunyanzvi pabasa rake, zvekuti ndinokunda chete, zvisina kana nharo! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:37

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 18-20

**Numeri 13:33**

Takaonapo vanhu varefu, vana vaAnaki vanobva parefu, kana tichizvifanidza. Takanga takaita semhashu, ndozvatakange takaita.

Chimbofunga wakamira panobhadhariwa mari yekutenga zvekudya zvakabikwa. Unobva wanzwa kunhu wirira kwezvekudya zvirikubikwa, apa unenge wakatarisa chinyorwa chinemazita ezvekudya zvakasiyana siyana zvinowanikwa panzvimbo iyi. Ipapo mutengesesi anobva akubvunza kuti, “Urikuda chipi chikafu?” Ndizvo zvirikuitwa nalshe kwauri gore rino.

Huwandu hwezvinhu zvaMwari zvari kuda kukupa kuti ugarike hauna magumo; zvakawandisisa uye zvirikupfachukira. Asi kana uchida kuwana maropafadzo makuru aya, unofanirwa

kuti uade, nekutenda kuti ave ako. Tenda kuti Mwari vakaita zvakadari-ka minyengetero yako, mikumbiro yako zvido zvako nezvirototo zvako wotora matanho uchitevedza kutenda kwako uku.

Ramba kumira pamuganhu wenyika yawakavimbiswa yemukaka nehuchi nekuti unenge uchitya mamonya ari munyika iyi aunofunga kuti haukwanise kuakunda! Mamonya aya anoratidza kukura kwakaita makomborero ako. Saka tora matanho ekutenda wogamuchira zvese zvakanzi naMwari ndezvako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikugamuchira makomborero akawanda andakapihwa naMwari. Ndirikushandisa kutenda kwangu uye ndirikugamuchira pfuma yakawanda. Kurwiswa kwandingaitwe kunoratidza kunaka kweropafadzo randiri kuwana. Ndirikutora nyika yangu yemukaka nehuchi nekutenda kwakawanda ndiine ruzivo rwekuti Mwari akatonditira zvaawand kudarika zvandingakumbire, kunyengeterera kana kurota nezvazvo.

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 3:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 21-22

**1 Timoti 1:18**

Basa iri rakarairwa ndinokupa iro iwe Timotio mwana wangu, kuti sezvazvakaporofitwa kare pamusoro pako urwe pfumo rakanaka pazviri.

Chiporofita chombo chinenjodzi uye chinoshanda. Paunonzwa izwi rechiporofita richitaurwa ziva kuti harisi shoko rinofanirwa kutarisirwa pasi, asi kuti unofanirwa kutora matanho eku ti chizadzikiswe muhupenyu hwako. Chiporofita chombo chaunoyambirwa kuti ukurumidze kushandisa, pakurwisa kwako muvengi kuti uwane zvawakagadzirirwa naMwari pahupenyu hwako.

Mwari vakatema chirevo chekuti rino igore remukaka nehuchi! Hachisi chirevo chisina mature, asi chombo chaunofanirwa kuti ushandise pabudiriro yako, uye ukachishandisa chinokuunzira maropafadzo emakore akawanda zvekuti unogadzirira madzinza anotevera nhaka yakanaka! Taura uine hushingi kuti Mwari vanokupa zvese zvinodikanwa muhupenyu hwako. Zvese zvine chekuita nehupenyu hwako zvichatapira sehuchi zvichiyerera semukaka. Shandisa chombo chawakapihwa uchitema chirevo chekuti zvakataurwa ndizvo, ugova nazvo!

fanirwa kuti ushandise pabudiriro yako, uye ukachishandisa chinokuunzira maropafadzo emakore akawanda zvekuti unogadzirira madzinza anotevera nhaka yakanaka! Taura uine hushingi kuti Mwari vanokupa zvese zvinodikanwa muhupenyu hwako. Zvese zvine chekuita nehupenyu hwako zvichatapira sehuchi zvichiyerera semukaka. Shandisa chombo chawakapihwa uchitema chirevo chekuti zvakataurwa ndizvo, ugova nazvo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nyundo yekurwa nayo iri mumaoko aJehovha! Nditori pabasa uye ndicharwisa kuti ndiwane zvese zvakapihwa! Ndirikuvharira muvengi zvekuti hapana dhimoni richasvika pedyo nepfuma yangu kana kundibata nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Jobho 22:28

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 23-24

**Ekisodho 16:35**

Vana valsraeri vakadya mana makore makumi mana kudzimara vachisvika panyika yakagarwa navanhu, vakadya mana kudzimara vachisvika pamiganhu yenyika yeKenani.

Nyanzvi dzezvekudya zvinovaka muviri dzinoti ukaramba uchidzokorora kudya zvekudya zimwe chete kwenguva yakareba, muromo wako unojairira zvekusazoda kuzvidya zvakare. Izvi ndizvo zvakaiteka kuvana valsraeri, avo vakapedzisira vasisade manna, chingwa chavaipihwa naMwari vari murenje. Izvi zvakaitea kuti vatange kurangarira mazuva avo akare vari munyika yeIjipiti kunyangwe hupenyu hwavo munyika iyi hwakange hwakaomarara.

Kana ukatambudzika kwemakore gumi, kana kuti makumi maviri kanakuti

makumi mana, mweya wako unoneta unotanga kujairira kunetseka. Hupenyu hunoita kunge hwajairika uye huchibohwa, wotanga kutenda kuti zvinhu hazvichashanduka muhupenyu hwako, uye kuti ucharamba uchirarama hupenyu hwekuomerwa. Rega ndikuyeuchidze kuti rino iri igore rakasiyana nemamwe makore, uye harisati rapera! Wapinda chiyero chakakura, uye matambudziko ako apera. Kujairira zvinhu zvakaoma kwapera! Wayambuka muganhu, mazuva ako akufara atanga!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuzvisunungura kubva pakujairira kutambudzika. Gore rino rakasiyana nemamwe ese uye mweya wangu waiswa pachiyero chepamusoro. Ndayambuka, ndikapinda panzvimbo ine kuwanzwa kwezvinhu nemakomborero akawanda. Ndiri kute ma chirevo chekuti ndapinda pamazuva angu ekunakirwa nehupenyu! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 43:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 25-27

**Muparidzi 3:1**

Chinhu chimwe nechimwe chine musi wacho, uye shoko rimwe nerimwe pasi pedenga rine nguva yaro.

Unozviona here kuti Adhamu akaunzwa panyika atori murume mukuru asina kumbopinda mudumbu raamai vake kana kuita kacheche? Haana kumbotevedzera makore ekukura kuita kakomana, jaya ozoita murume mukuru. Hazvina kumutorera makore akawanda kuti awane zvaakanzi naMwari awane. Adhamu akange atobva zera paakasikwa uye Mwari nehukuru hwekutonga kwavo havana kuda kuti Adhamu atore nguva achikura kuti vamupe zvavakange vamugadzirira. Ndizvo zvimwe chete newewo.

Gore rino remukaka nehuchi rakazara nekuwanzwa kwezvinhu zvirikupihwa kuvanhu naMwari. Mwari varikukuita saAdhamu kuti vakupe zvavakagadzirira pahupenyu hwako! Saka usakanganise, nekufunga kuti unofanirwa kumirira kuti Mwari vakupfumise vakupe rugare rwako. Mwari vanogona kukupa miriyoni yamadhora mangwana chaiye; Havana chekumirira. Pakutanga kuri kuita mwedzi uno zviudze kuti, "Semunhu akapfuma kudai, nguva yangu yekutora zviri zvangu yasvika!"

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chinokurumidza kuwana zvandakanzi ndinowana naMwari, nekuti ndakasikwa ndakatokwana ndakatofanira kuzviwana. Mugore rino remukaka nehuchi, ndirikucherechedza huwandu hwezvandakapihwa naMwari, hapana chekumirira kuti ndigarike. Mwari vakandipa zvese kare, yave nguva yangu yekutora zviri zvangu!

MAVHESI EKUVERENGA

Numeri 23:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 28-30

**2 VaKorinde 9:11**

Muchipfumiswa pazvose, mugoziwa kupa zvakananda, zvinoti kana zvi-chiitwa nesu, Mwari unovigirwa nazvo kuvonga.

Kusuwa kunodawo kudiwa! Vanhu vanogara vachigununa ndivo vanotaura zvakaipa nguva dzese. Vakabudirira vanofarira kugovera pfuma yavo kuburikidza nekupa kubasa raMwari uye pavanenge vachiita mabasa aya, vanozadza nharaunda yavo nezvakanaka uye nekutenda, izvo zvinokonzeresa kuti zvakanaka zvirambe zvichiuya kwavari.

Mwari vanoda kuti tirame hupenyu hwekubatsira vamwe kuitira kuti varopafadzewo. Pauri kutora matanho uchishandisa shoko raMwari muhupenyu hwako gore rino, chokwadi richava gore remukaka nehuchi kwauri. Pauri kuwana mari yakawanda yausati wamboona

hupenyu hwako hwese ziva kuti haisi yekuti uchengetere musi wauchawirwa nedambudziko kana kuti uzviunganidzire iwe. Imari inechinangwa!

Wakaropafadzwa kuti uropafadze vamwe uye paurikubudirira kupa kwako kunokonzeresa kuti vawaropafadza varumbidze Mwari zvounza mamwe maropafadzo kwauri. Uchararama hupenyu hwawakasikirwa naMwari hwekupa, vamwe vachiropafadzwa, uye kutenda kuchagara kuchibva pamiromo yavo kuburikidza newe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nzira inofamba nayo maropafadzo aMwari achiyenda kune vamwe vanhu. Hupenyu hwangu hunopupura pamusoro pekupa kwandinoita. Zviito zvangu zvinoenderana neshoko raMwari, iro ririkundiunzira mari yakawanda isati yamboonekwa muhupenyu hwangu. Mari yangu yakanangana nebasa rekuropafadza vamwe nekuti ndakaropafadzwa kuti ndiveropafadzo! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 9:8-11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 31-33

**3 Johani 1:2**

Mudikanwa ndinoshuva pamusoro pezvinhu zvese kuti ubudirire, uve wakasimba somweya wako uchibudirira.

Huchi hunonzi hunoita kuti munhu ave neganda rakanaka. Ukazora huchi unoita ganda rinehutano uye rinotsvedzerera. Hunopedza mazvimbiswa nekutsvukuruka uye hunobatsira kuporesa maronda. Huchi hunobvisa zvakare ganda rinenge rachembera zvekusiya ganda idzva rinotsvedzerera, rakanaka. Zvinoitwa nehuchi panyama, ndizvo zvimwe chete zvahunoita pazvinhu zvemweya.

Mwari vakasika gore rino riine maropafadza ekuti uwane huch. Semuprofita ndirikutema chirevo ndichiti gore

rino ndirikupedza kuomerwa muhupenyu hwako. Kutambudzika kwese kwapera! Wakachengetedzwa naMwari. Sekurapa kunoita huchi urikuporeswa nedenga izvezvi! Chese chakafa muhupenyu hwako chirikubviswa izvezvi, uye sekushandura kunoita huchi mamiriro ezvinhu, zvese zvehupenyu hwako zvakushandurwa zvichinaka. BUDIRIRA nezita guru raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutema chirevo chekuti kuomerwa nematambudziko zvapera muhupenyu hwangu uye ndakomberedzwa nekusarudzirwa zvakakanaka kwandaitwa naMwari! Ndave nehutano hwakanaka uye chese change chakafa muhupenyu hwangu chabviswa. Hupenyu hwangu hwave nekubwinya uye ndirikubudirira pane chese chandiri kuita nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 30:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 34-36

**Mapisarema 50:10**

Nokuti mhuka dzose dziri mudondo nd-edzangu, Nemombe pamakomo anechuru chamazana!

Zvakaongororwa zvikaoneka kuti kune ndudzi dzakasiyana dzemombe dzinokamwa mukaka. Munyika yeUnited States, mombe yerudzi rweHolstein ndiyo yakaoneka kuti inokamwa mukaka wakawanda nekuti inokamwa magaroni mapfumbamwe kana kuti gumi nerimwe pazuva.

Vhesi redu ranhasi rinotiudza kuti mombe dziri pachuru chamazana nedzaMwari. Kana paine zvuru chiuuru, nemombe yeHolstein imwe chete pachuru chega chega zvinoreva kuti kwaikamwa magaroni mamiriyoni maviri nemanomwe pazuva! Kana tikati

garoni rimwe chete remukaka rinoita madhora matatu zvinoreva kuti mukaka uyu unotengeswa nemadhora mamiriyoni masere pazuva! Tenda kuti izvi zvinogona kuitika kwauri! Vakoma vangu nehandzvadzo dzangu, ndirikukuudzayi kuti mari irikumhanyira kumabhanga kwenyu! Mari yasvika!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pfuma irikuyerera ichiuya kwandiri! Mamiriyoni emadhora arikumhanyidzana achiuya kubhanga kwangu zuva rega rega. Ndirikutema chirevo chekuti mombe dzemukaka dzirikundigadzirira mari munyika dzakasiyan siyana. Kwaita chiratidzo munyika dzese uye mari iri kuyerera ichiuya muhupenyu hwangu kubva kunzvimbo dzakasiyana. Ndirikuda kuwedzerwa nzvimbo dzekuti ipinde nadzo nekuti MARI YASVIKA!

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 49:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 37-39

**Mapisarema 119:103**

Mashoko enyu anonaka Seiko mumukanwa mangu, Zvirokwazvo anokunda uchi mumukanwa mangu.

Kana tichitaura nezverudo, mazwi anotapira anesimba rakanyanya, nekuti anoita setumvura twunenge twuchinayirira twuchimeresa sora repamwoyo. Chimbofunga pamusoro pechirevo ichi chinoti, "Wakandikoshera sechitubu chemvura!" Mazwi akadai anoita kuti munhu anenge achiaudzwa aonekukosha kwaanenge akaitira mumwe wake.

Sezvazvinoita pakudanana kwevadiwa, Mwari vanoshandisawo shoko ravo kuti vatiudze kuti takavakoshera zvaka-dii. Zvivimbiso zverudo rwavo kwatiri tinozwiwana mumavhesi anechinangwa chekubata bata mweya yedu,

zvotisededza kwavari kuti tiite hukama hwerudo navo. Mashoko avo anotikoka achitiratidza rudo rwavo kwatiri urwo rwakadzama kudarika rwungapihwe nemunhu.

Chimbozvipa nguva yekuverenga shoko raMwari kubvira nhasi unzwe rudo rwavainarwo newe. Huchenjeri hwavo nerudo rwavo hazvigume, uye unozwiwana kana uchinge wazarura mwoyo wako wotanga kudya shoko ravo. Kana hupenyu huchiita sehwaquomera, shoko raMwari rinounza nhapi tapi kwahuri; paunoneta rinokusimudzira. Xhimbonzwa shoko raMwari uone kuti rinotapira kudarika huchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari rinoita kuti nditapirirwe nehupenyu! Kunyunyuta kwese kwandinenge ndiinako kunopedzwa neshoko raMwari. Ndinonzwa kutapirirwa nedzidziso yaMwari uye mweya wangu unosimbiswa pandirikuverenga shoko iri zuva rega rega!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 34:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 40-42

**Muparidzi 2:26**

Nokuti munhu anomufadza anopihwa huchenjeri nezivo nomufaro asi mutadzAsii anopihwa kutambudzika, kuti aunganidze nokututira, agozvipa mumwe anofadza Mwari. Naizvozvo hazvina maturo, ndiko kudzingana nemhepo.

Nyuchi dzinogadzira huchi dzinoshanda zvakananyanya pabasa iri. Dzinotsvaga ... dzoishandura kuita huchi uye ndidzo dzinorongedza nekuchengetedza huchi hwacho. Asi kunyangwe dzichibhidhirikakudai dzinongobvumirwa kudya huchi hunoita kuti dzikwanise kuita basa radzo chete. Iyi ndiyo nyaya irikuitika kuvatadzi vanounganidza pfuma, Havazive kuti vanenge vachiunganidzira iwe pfuma yacho.

Bhaibheri rinoti mutadzi wese anounganidzira vakarurama pfuma asingazvive. Mwari anobvumira vataadzi kuti vaunganidze pfuma, vorarama hupenyu hwakaomarara hwekushanda vachiunganidza, kuitira kuti yozotorwa nevakarurama vaMwari. Pfuma yavanounganidza ndeyemaKristu. Mwari anoita kuti nyuchi idzi dzikuunganidzire pfuma. Rino ndiro gore rawanga wakamirira! Shandisa mukana wese wainawo wekukohwa huchi hwese hwawakaunganidzirwa nevatadzi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinodisiswa naMwari uye ndirikushandisa nzira yese yandakapihwa naMwari yekutora nayo pfuma yandakachengeterwa. Nzira yese inofanirwa kundipfumisa ichashanda zvakananyanya ichindiunganidzira pfuma nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 13:22

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 43-45

**Numeri 14:36**

Zvino varume vakange vatumwa naMozi-si vava kunoshora nyika vava vakadzoka vonyunyutisa unyano yese pamusoro pake, zvavakauya namashoko akaipa pamusoro penyika iyo, varume avo vakange vauya neshoko rakaipa pamusoro penyika iyo vakafa nedenda pamberi paJehovha.

Imwe yenyaya dzinosuwisa munhorondo, yakaitika pakasvika vana valsraeri munyika yechipikirwa. Mushure mekunge vagara mugwenga kwenguva yakareba vakange vajaira hupenyu hwekushaya. Vamwe pavakatumba kuti vanoorora nyika yavakange vavekupinda, vakadzoka nemashoko akaipa kusara chete kwevaviri vakataura zvakanaka, Kunyunyuta kwakaita vanhu ava bevese vakabatana navo zvakanonzera kuti vafe vasina kupinda munyika yechipikirwa.

Mwari pachavo havafarire kunyunyuta.

Nei ndichidaro? Kunyunyuta kwese kunoderedza kunaka kwavo nekugona kwavo kutipa zvese. Mwari vakakuunza kunyika yechipikirwa inemaropafadzo nezvivanikwa. Saka kana muviriwako uine zviratidzo zvisingaenderane nezvivimbiso zvaMwari, zviburitse! Kana mamiriro ekubhanga rako achipekana nezvivimbiso zvavo ramba kuatenda! Anenge arimashoko ekunyepa! Ramba kupedza nguva yako padambudziko raunenge uchinzi unaro. Pedzera nguva yako panezvakanwanda zvawakapirwa naMwari. Tsvaga kune zvako zvakanwanda uzvitore, zvisineyi nekuti zvinhu zvakanwanda sei muhupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuramba kuteerera mashoko ekunyepa ekuti ndinoshaya kana kumiswa. Kugununguna hakuna nzvimbo muhupenyu hwangu. Ndirikutemma chirevo chekuti ndirikuwandirwa nezvinhu muhupenyu hwangu. Meso angu ari pakuwanzwa kwezvinhu uye nekutora chese chiri changu chandakavimbiswa naMwari nezita raJesu! Ameniti.

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 2:14-15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezekieri 46-48

**Zvirevo 23:4**

Usazvinetse kuti uwane pfuma. Rega huchenjeri hwako.

Tiri kurarama mumazuva apo paanetsika yekuita mabhindauko ekukuru midza kupfuma, izvo zvirikukonzera kuti vakawanda vapedzere nguva yavo yakawanda mukutsvaga nzira dzekupfuma nadzo. Asi vhesi raZvirevo 23:4 rinounza pfungwa yakasiyana uye rinotirambidza kuti tizvipedze mafuta tichitsvaga pfuma. Nemamwe mazwi, kuwana pfuma hakufanirwe kutinetsa. Rinotitsiura kuti tisashandise pfungwa dzedu nesomba redu tichitsvaga pfuma. Rinotiyeuchidza kuti hakusi kushanda zvakananyanya kana kugona kwedu kuzviriritira asi kuti huchenjeri hwaMwari ndiho hunotipa zvese. Huchenjeri hwaMwari uhu hunodarika zvese zvinechekuita nekunzwisisa kwenyama uye hunotipa zvivimbiso zvekupfuma tisinga tambudzike kuti tiwane pfuma yacho.

inga tambudzike kuti tiwane pfuma yacho.

Chokwadi chezvandirikutaura tinochiwana munaMuparidzi 10:10, patinoyeuchidzwa kuti huchenjeri hunoveza demo zvekuti tinokunda. Kana tisina huchenjeri, tinoramba tichitema nedemo rakagomarara, tichizvipedza simba. Asi kana tiine huchenjeri hwaMwari chero ripi dambudziko rinouya kwatiri rinongopera tisinganetswe naro. Ndizvo zvakanakira huchenjeri hwaMwari. Ongorora huchenjeri hwezvehupfumi huri mushoko raMwari. Wedzera huchenjeri hwako naro ugoona kukunda kwaunoita!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handichamboshungurudza nekutsvaga pfuma ndichishandisa pfungwa dzangu nesimba rangu. Ndavekutambira huchenjeri hwaMwari. Ndirikugamuchira zvivimbiso zvekupfuma ndisinganetseke nekuwana kukunda ndisinga dikitire. Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobho 1:5

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Jowere

**Jobho 11:7**

“Unganzwisise zvakadzika zvaMwari here? Ungakwanise kunzwisisa iye waMasimba ose here?”

Mwari watinoshumira mukuru! Wakambofunga here pamusoro pehuwandu hwezvinokwanisa kupihwa naMwari? Kokushamisa kwekuti Mwari wedu akazvipa zita rekuti El Shaddai, iro rinoreva kuva nemazamhu akawanda. Ndiye anotipazvekudya nekutiraramisa, iye akakodzera kutipa zvese zvakafanira kuti tirame pamweya nepanyama. Sezvo uchiwana calcium nevitamin D, uye maprotein anosimbisa mabhonzu nemhasuro mumukaka, unowanawo zvinosimbisa nekuvaka mweya, pfungwa nenyama mushoko raMwari.

Zvatinopihwa naMwari hazvina magumo, zvakanwanisira uye zvese zvinouya kwatiri zvakanodzera nedungamunhu, kuitira kuti tisambofa takashaya kana kuva nehutano husina kumira zvakanaka. Unwana nekutsigirwa pane zvemweya, zvepanyama pamafungiro nemupfungwa nezvaunwana kubva kuna Mwari. Sekuparidza kwakaita muparidzi wakare, hakuna chinogona kuratidza panotangira nekuguma kwezvatinokwanisa kuwana kubva kuna Mwari. Mbiri ngaiende kuna Mwari! Chero chipi chaunoda pahutano hwako, chitore kubva kuna El Shaddai. Zvaanopa zvakanwanda uye hazvipere.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutema chirevo chekuti ndinowaniswa chouviri nekuchengetwa neshoko raMwari. El Shaddai ndiye mupi wangu wezvese, uye anondipa zvese zvinodikanwa pamweya, panyama pakufunga nepandangariro dzangu. Sekusimbiswa kunoitwa muviri nemukaka, shoko raMwari rinoshimbisa zvese zvemuviri wangu. Ndirikutora chese chandinofanirwa kuwana pakurarama kwangu kubva kunezvavainazvo Mwari zvisina magumo. Hapana chandinoshaya. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiripi 4:19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Dhaniyeri 1-3

**Ruka 21:8**

Akati chenjerai, musatsautswa, nokuti vazhinji vachauya nezita rangu vachiti, Ndini Kristu, nguva yaswadera. Musatevera.

Mazuva ano vanhu vakawanda havasi kuziva zvirikuitika izvo zvirikuita kuti vagare vachitya. Nyaya yekuguma kwenyika ieikugara yakataurwa nezvayo izvo zvirikukonzera kuti mbinga dzine mabhiri yoni akawanada emari dzishandise mari yakawanda dzichigadzira dzimba dzepasi nedzimwe nzvimbo dzekezozhwanda kana nyika yakuparara. Zvirii kuitika izvi zvinozadzikisa chiporofita chiri muna (Ruka 21:26) icho chaiti vanhu vakawanda vachazara nekutya nekuti vanenge vasisina tariro.

Mwari anenzvimbo yaanohwandisa avo vanomutya, avo vari vake. Vana valsraeri vakanga vakagara zvakanaka munzvimbo yeGosheni, uye vakange vakachengetedzwa kubva kumatambudziko aiwira vana veljipiti. Ukuwo Nowa akawanirwa nyasha naMwari akanzvingeswa kubva kumafashamu emvura, iyo yakanaya kwemazuva makumi mana nehisiko makumi mana nekuti Mwari vakamupa nyasha dzavo. Pachasvika kuguma kwenyika igaroziva kuti sezvakamboitika kare, vaMwari vachanzvingeswa kubva panezvese zvakaipa zvichawira nyika.

Kunyangwe kuine zvinotyisa zvakatikomberedza, tinoramba tichirangarira kuti kune nyika yechipikirwa yatakavimbiswa uko kwatiri kuenda, nzvimbo yerutiziro, yekuhwanda kwekuti vanhu vaMwari vachagara vasingatyi kudzvanyirirwa nevavengi. Tinobva tarangarira kuti takachengetedzwa zvakasimba uye takadzivirirwa zvakasimba – TAKACHENGETWA NAMWARI! Kuchengetedza kwavanotiita kunodarika zvingavakwe nevanhu vane mabhiri yoni emari kuzvichengetedza nazvo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

NDAKACHENGETEDZWA NA MWARI. MUMAZUVA ATIRIKURARAMA EKUTI NYIKA DZESE HADZISIKUZIVA ZVIRIKUITIKA HANDINA KANA VHUDZI RICHAKUVADZWA. NDINOGARA NDAKACHENGETEDZWA NDISINGATYE CHINHU. NDAKACHENGETWA ZVAKASIMBA, UYENDAKADZIVIRIRWA ZVAKASIMBA, UYE NDINORWIRWA NEDENGA NEZITA RAJESU! AMENI.

MAVHESI EKUVERENGA
Ekisodho 6:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Dhaniyeri 4-6

Vhesi Rako Ranhasi: Dhaniyeri 4-6



1 VaTesaronika 4:16-17

Nokuti Ishe amene uchaburuka kuden-ga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru nehvamanda yaMwari, vakafa muna Kristu vachatanga kumuka. Zvino isu vapenyu vakasara, fichatorwa pamwe chete navo mumakore kuti tichingamidze Ishe mudenga, naizvozvo tichava naShe nguva dzose.

JESU ARI KUUYA! Chokwadi ichi chinobakidza moto werufaro rwakanyanyisa mumwoyo yedu unopenya kudarika nyenyedzi inechiyedza chakakurisa! Zvinofadza sei kuziva kuti nechinguvana tichange tabvutwa kubva mune ino nyika toenda kudenga kunogara nalshe vedu kudzamara nekusingaperi! Zuva rega rega rinotiyeuchidza kuti musi wekudzoka kwaKwristu urikuswera, uye kudoka kwezvura kunopupura kuti zvimvimo chaMwari ichi chichazadzikiswa. Mwoyo yedu irikuchema nemufaro ichiti: Harenyah! JESU ARIKUUYA!

Hazvireve kuti tinofanirwa kugara mabhegi edu akagadzirwa kuti takuenda, patinenge tichigadzirira nemufaro kuitika kwechiitiko chakakosha ichi. Ngatirangarireyi nguvadzese pamusoro pemurairo watakapihwa nashe wekuti torai nzvimbo makarindira kudzoka kwaShe. Zvinoreva kuita bhizimusi nemazvo, kutenanekutengeserana zvigadzirwa nekuita mabasa akasiyan-siyana kuti tiwane pundutso nenzira dzakarurama – kwete kurindira tisina chatinenge tichiita! Kunyangwe takamirira kudzoka kwalshe vedu ngatirangarire kuti tiri vamiri vehushe hwaMwari pane rino pasi uye tine basa rekuvandudza hushe hwavo kuti hukure. Ngatiwanikwe tichishingairira kuita basa ravo kusvikira pavanouya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuita bhizimusi rangu nemwoyo wangu wese kuti ndizadzikise basa randakapihwa naMwari rekusimudzira nekuwedzera hushe hwavo. Ndiriri mumiriri washe uye ndirikuita basa ravo kusvikira vauya! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 19:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Dhaniyeri 7-9



Isaya 11:2

Mweya waJehovha uchagara pamusoro pake, mweya wenjere nokungwara, mweya wamano nesimba, mweya wokuziva nokutya Jehovha.

Bhizimusi rinobudirira kana kuine kuronga kwakanaka. Pane zvese zvinoitika muhupenyu zvakakosha kugona kuronga, nekuti kunounza hwaro hwezvekuita, maitiro nezvekushandisa nekuchengetedza zvinenge zvichida kushandiswa pakuita basa. Kugona kuva nechirongwa chekuchengetedza hutano hwakanaka kunoratidza huchenjeri, saka unenge uine chirongwa chekudya zvekudya zvakanaka zvinovaka mubiri wako. Ndinogara ndichikurudzira vavekuda kuroora kuti kana wave kuroora roorera hushumiri, kugona kuronga zvakare uku. Mabhizimusi anoda kurongerwawo zvakanaka, nekuti zvirongwa zvemabhizimisi zvinoratidza kwarinenge richibva nekwaririkuenda, uye zvinodiwa kuti ribudirire

Zvinorwadza kuona maKristu achironga asina mubatsirimukuru wavakapihwa anova Mweya Mutsvene. Ndiye murongi mukuru, anogara aripo kukubatsira nemazano ekukunda muhupenyu hunezvese.

Tsvaga kubatsirwana Mweya Mutsvene pane chese chine chekuita nehupenyu hwako, anobva akupa ruzivo nehuchenjeri zvepamusoro. Taurirana naye pamusoro pezvaunofanirwa kuita. Anokuratidza kuti ungakunde sei zvese zvinenge zvakakukomberedza zuva rega rega. Ukaita zvandakurayira izvi uchaona uchipekda gore rino wane mazano aunenge wapihwa naMwari kuburikidza naMweya Mutsvene, nekuronga kwedenga!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya Mutsvene ndiye mupi wangu wemazano. Pandinenge ndichimubvunza zvekuita ndinowana simba rekuita zvandinenge ndaronga ndichibudirira. Amenihueo.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 14:26

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Dhaniyeri 10-12



1 VaTesaronika 5:19 Musadzima Mweya.

Hurombo nekushaya zvinoratidza kuti kune anenge achida mweya iyi. Bhaibheri rinotiudza kuti munhu wese anowana nguva nemukanal (Muparidzi 9:11), zvichireva kuti tese vapfumi nevarombo tinowaniswa mikana yekubudirira. Asi chokwadi ndechekuti vamwe vanhu vanofarira kugara nedhimonu renhano uye vanofarira zvirwere zvavainazvo. Vanhu ava vanoramba kuteerera zvinotaurwa naMweya Mutsvene kwavari achida kuvadzidzisa kuti Mwari vanechido chekushandura mamiro anenge akaita hupenyu hwavo, vabudirire kuburikidza neshoko rake.

Unoona, hazviite kuti ufunge pamusoro pechinhu chisingaite kuti uchiwane.

Shungu dzako dzekuti uve nemamiriyoni akawanda kana mabhizimisi ebhiriyoni kana kuva nezvivakwa munzvimbo dzakasiyan siyana dzenyika, garaji rine motokari dzemhando yepamusoro, hutano hwakanaka kana musha unemufaro dzinogoneka.

Kana pfungwa idzodzo dzauya kwauri usadzituke asi nzwisisa kuti Mweya Mutsvene ndiye anoita kuti ude vinhu zviri zvako semwana waMwari. Zvese zwawakanzi neshoko raMwari unokwanisa kuzviwana unokwanisa kuzviwana. Tenda usanyare kana kutya, endera zvese zvirivako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirkuzvisunungura kubva pahurombo. Ndinoramba kushamwaridzana nehurombe kana kushaya. Ndirikutema chirevo chekuti ndinehutano hwakanaka, kuwanda kwezvinhu nemhuri inofara. Ndavenemukaka nehuchi! Amenii.

MAVHESI EKVURENGA

VaFiripi 2:13

MAKWIKWI EKVURENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezira 1-3

**Mabasa Avapostori 20:22**

ZVINO TARIRAI NDINOENDA Jerusarema ndakasungwa pamweya, ndisingazivi zvinondiwira ikoko.

Zvimwe zvatinotumwa naMwari kuti tiite zvinouya sezvinhu zvinenge zvi-chitambudza mweya yedu Mweya Mutsvene anotipa mukana wekuti ti-tore matanho ekuzvigadzirisa. Kwozoti dzimwe nguva pane zvatinouzwa naMweya Mutsvene kuti tiite. Kana waudzwa zvekuita, mabatiro aunaita zvinhu akasiyana, nekuti hazvina sarudzo, uye hazvinyaradzike, unofanirwa juzviita nemwoyo wako wese.

Tine muenzaniso weshirikadzi iyo yakaudzwa kuti yaifanirwa kupa muporofita Eri zvekudya (1 Madzimambo 17:9) asi yakange isingazive kuti yakange yadaidzwa. Shirikadzi iyi yakangoerekana

iripanzvimbo payakapihwa mukana nekuudzwa zvekuita. Ndizvo zvichaitika kwauri gore rino!

Gore rino Mwari vakupa simba rekupfuma nenzira isati yamboitika. Vaudza mari kuti iuye kwauri. Chiyedza chinotongo vheneka kana Mwari vakati "Ngakuve nechiyedza!" saka, imba yako, motokari iya yawaida wanano yako, hutano hwako nemmari yako zvairikukokorodzwa naMweya Mutsvene kuti zviuye kwauri. Saka nyatsoteeresesa unzwe zvaunotumwa naMwari, nekuti ndizvo zvichakusvitsa munzvimbo dzinokupa mikana yekuti ubudirire.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoteerera nekuita zvandinenge ndaudzwa naMwari nemwoyo wangu wese. Ndakadaidzirwa kuti ndibudirire ndivenezvakawanda nenzira isati yambooneka. Mwari vandiisa pamhararano yenzira yekupfuma nekuwaniswa mikana. Imba, motokari wanano, hutano hwakanaka nemari zvirikuunzwa naMweya Mutsvene kwandiri. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Madzimambo 17:8-15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezira 4-6, Mapisarema 137

**Hosiya 4:6**

Vanhu vangu vaparadzwa nokushaiwa zivo. Zvawaramba zivo, neni ndichakurambawo urege kuva mupristi wangu, zvawakanganwa murayiro waMwari wako, neniwo ndichakanganwa vana vako.

Kumwe kuchema kwakaitika mubhaibheri kwakaitwa naMwari pachavo apo pavakati mubhaibheri, "Vanhu vangu vanoparara nekushaiwa ruzivo." Ongorora vanhu varikuparara ava havasi vanhuwo zvavo asi ndeva Mwari. Mwari varikutaura pamusoro pevanhu vavo vakatengwa neropa, vakazadzwa naMweya Mufsvene – vagari venhaka vaakaita vagari venhaka yake pamwe chete naKristu, avo varikuparara nekuda kwezvavasingazive. Chirikunyanyisa kurwadza apa inyaya yekuti vanoramba ruzivo.

Bhaibheri rine shoko raMwari, zvichiita kuti rive bhuku rakazara neruzivo pane rino pasi. Rinehuchenjeri hwaMwari, zvekuti

hukashandiswa hunoita kuti usaparare.

Haukwanise kugara usingaverenge nekunzvera shoko raMwari. Shoko raMwari rinofanirwa kuverengwa mumba maunogara. Riverengere vana vadiki uye ukurudzire avo vabve zera kuti vazviverengere vega. Mwari varikuda kuti uunganidze pfuma sehuruva, asi izvi hazviitike kana bhaibheri rako risirikuverengwa raatove nehuruva. Shoko raMwari ndiro rinokukundisa. Riverenge urarame hupenyu hwakareba, ubudirire!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogara ndichiverenga shoko raMwari, ndinoramba kusaziva uye ndirikugamuchira ruzivo rwunoita kuti ndiwane hupenyu. Pandirikuverenga shoko raMwari ririkundiudza pamusoro pekubudirira kwangu nekugarika kwangu, kuva nehutano hwakanaka, nekurarama kwemakore akawanda! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Jobho 22:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Haggai

**Numeri 13:30**

Ipapo Kerebhu akanyaradza vanhu pamberi paMozisi akati, Ngatikwire pakarepo, tinoitora nokuti tinogona kwazvo kuikunda.

Kugadzira nekuteverera zvinangwa zvako muhupenyu inzira inesimba rakanyanya yekuratidza kutenda kwako. Kuva nezvinangwa hazvireve kungoita shungu nezviroto chete kwete, asi kuita kuti zvinhu izvozo zvipedzisire zvabatika. Kunyora zvinangwa zvako pasi kunobatsira kuti urambe uchizvifeverera kusvikira wabudirira,

Bhaibheri rinoti, “Kutenda kunounzwa nekunzwa, uye kunzwa shoko raMwari.” (VaRoma 10:17). Zvinoreva kuti shoko rinesimba rekuti ukwanise kunzwa. Kunzwa kwaunenge uchiita shoko raMwari kunoita kuti kutenda kwako

kuvepo. Kutenda kwakangofanana nemhasuro gara uchikushandisa. Tanga pazvinhu zvidiki – zvinhu zvisingakunetse kana zvikasabudirira – ramba uchizviitea kusvikira wawana zvaurikuda zvichibudirira. Ukaona kutenda kwavepo, chitanga kuzvisira zvinangwa zvakakura.

Mugore rinoremukaka nehuchi, iva nezvinangwa nekushandisa kutenda kwako pazviri kuti zviatike. Hazvinetse kuita izvi, wedzera kunzwa kwako shoko raMwari kuti uwane kutenda, kana wave nako wochinyora zvinangwa zvako pasi, wochizotora matanho ekuti zvizadzisike!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikushandisa mukana wese urikuuya kwandiri nekushinga kwakakura, kuitira kuti ndibudirire. Nugore rino remukaka nehuchi, ndichateverera zviroto zvangu kusvikira zvazadzikiswa nekutenda kwangu. Ndiripamusoro pezvingandipiringishe uye zvinangwa zvangu ndichazvizadzikisa nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Zakariya 1-4

**1 Timoti 4:15**

Shingairira zvinhu izvi, uzviite nomwoyo wese, kuti kupfuurira mberi kwako kuoneke navanhu vose.

Vamwe vanhu vanofunga kuti hurombo hunoratidza humwari. Hakuna zvakadaro! Mubhaibheri rese unoona kuti Mwari vanoshamwaridzwa nevanhu vane mari. Bhaibheri rinototi kunyangwe Ishe vakange vakapfuma, vakava murombo kuti tipfume.

Mamwe manyepo anotendwa nevamwe ndeekuti kana uri mupfumi unofanira kugara uchikumbira kuregererwa nekuti unenge urimupfumi kana kuti unenge uineshingu dzekupfuma. Haufanirwe kunyara kana uine chido chekupfuma nekuti zvakangofanana nekuda kwako hutano hwakanaka, huchenjeri nemhepo yekufema!

Mwari vedu vakapfuma uye vanoda kuti vana vavo vapfumewo. Saka usateerere manyepo eavo vanofunga kuti panehuMwari pakuva murombo. Zvinhu zvakapesana neshoko raMwari izvi.

Paurikupfuma gore rino usatombonyara! Pupura pamusoro pekunaka kwaMwari wozivisa pamusoro pekubudirira kwako uchiratidza usingatombo nyare nyasha dzaMwari dziri pamusoro pako nekukuropafadza kwavari kuita. Hapana chinonyadzisa kana ukashandisa shoko raMwari rokuunzira pfuma muhupenyu hwako. Saka enderera mberi nekuratidza zvawaitirwa naMwari, usanyare!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandiri kubudirira gore rino, ndichapupura pamusoro pekunaka kwaMwari kwandiri, uye ndichazivisa nezvehuwandu hwemaropafadzo andawana kubva kuna Mwari. Handinyare kana shoko richindipa pundutso, uye ndicharatidzira zvese zvandaitirwa naMwari, uye handinyare. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 8:9

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Zakariya 5-9

**VaHebheru 9:14**

Zvikuru sei ropa raKristu iyewakazviita nemweya usingaperi chibayiro kuna Mwari chisina chachingapomerwa chichanatsa hana dzedu pamabasa akafa kuti tishumire Mwari mupenyu

MaKristu akawanda haaregerere kana mumwemunhu akakanganisa. Kushaya tsitsi nenyasha uku kunobva mukusanzwisisa kwavo evhangeri yaMwari yerudo. Zvakanyakisisa kuziva kuti Kristu akabhadharira zvitadzo zvedu zvese zvakare zvanhasi nezvemangwana. Idzi inyasha dzakawandisisa dzatakawanirwa naMwari. Asi hazvitipe rezenesi rekutadza, kwete! Nyasha dzatakawanirwa dzinotipa simba rekusaita zvitadzo!

VaHebheru 9:14-15 inotsanangura pamusoro pechipo chatakapihwa cheroparaJesu,icho chisingabhadharike. Roparake rakadeukira tese. Asi

maKristu akawanda anotadza kuregerera mamwe maKristu kana achinge atadza.

Zvaunofanirwa kuti uite zvrinyore zvikuru. Zvirikunzi regererera. Hakuna chinhu chinopamutoro wakakura sekuremerwa nepfungwa dzekuti ndirimutadzi ndakatadzira nhingi, asi Jesu achida kuti firame hupenyu hwedu tisina chipomerwa patiri. Kuregerera vamwe kana kuzviregerera kwakakosha nekuti kunopupura chibayiro chakaitwa naKristu. Tambira chipo chakatamburira Kristu chekuti urame hupenyu hwako, pfungwa dzako dzakagadzikana kutiKristu akatambudzika akafa kuti urame hupenyu hwako sina chipomerwa pauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuzviregerera uye ndinoregererawo vamwe. Ndirikuramba kutakura muforo wekuremerwa nepfungwa pandirakupinda munyika yangu yemukaka nehuchi. Kristu akandichenesa neropa rake. Ndinorarama hupenyu hwangu ndisina chipomerwa!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 9:13-15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Zakariya 10-14



Zvirevo 4:20

Mwanakomana wangu teerera mashoko angu. Rerekera nzeve yako kune zvandinoreva.

MuKristu wese anokwanisa kuwana nzira yaMwari yekuporesa nayo, uye isimba riri mushoko raMwari. Sezvinon-goitwa nachiremba patinenge tarwara paanotipa mishanga yekutirapa nayo, Mwari vanotipa shoko ravo kuti ritiporese pamiiri yedu nemweya yedu. Shoko raMwari rakazara nezvivimbiso zvekuporeswa nekudzoreredzwa pane chese chinenge chatitambudza. Kana hurwere hwapinda mumuviri wako, tenda kuti shoko raMwari rinokuporesa, woshandisa kutenda kwako uchiverenga zvivimbiso zviriri maririr zvekuporesa kwaMwari.

Kutenda kunoda kuti utore matanho. Zvakango fanana nemushonga

waunenge uchifanirwa kuti unwe mazuva ese kusvikira wapora. Ndzivo zvimwe chete neshoko raMwari iro rinofanirwa kuverengwa mazuva ese. Nzvera shoko raMwari kunyanya ayo anenge achienderana nezvaunenge uchisangana nazvo. Taura mavhesi iwayo pamusoro pemuviri wako nekutenda kwako wochiita zvawakange usisaite

Simba raMwari rekuhoresa nderechokwadi harisi remanyepo, uye richaratidzwa muhupenyu hwako. Paurikutor mushonga waMwari, chirega kutsvaga zviratidzo zvekurwara kwako kana kuteerera marwadzo asi ona kuporeswa kwako worarama hupenyu hune hutano hwavanoda kuti uve naho.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutaura hupenyu, nehutanohwakanaka kumuviri wangu, nemweya wangu. Ndaane simba mumuviri wangu. Ndirikutema chirevo chekuti ndine hutano hwakanaka uye ndakasimba nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Esiteri 1-5

**Marko 1:35**

Mangwanani kuchinerima wakamuka akabuda akaenda kunzvimbo murenje akanyengetera.

Hupenyu hwaJesu hwakange huri hwekukurudzira vanhu kuti vanyengetere nguva dzese. Iye airatidza huchenjeri nehushingi nekugoba kuita minana nezvishamiso, zvaikonzerwa nekugara kwake nguva dzese achikurukura nababa vake vekudenga. Aiwanzonda kunzvimbo dzaainyengetera ari ega, dzimwe nguva achipedza husiku hwese achinyengetera. Panguva yaakange aomerwa avekunoroverwa pamuchinjikwa, Jesu akazvisimbisa nekunyengetera. Zviripachena kuti vadzidzi vake vakaona simba rakange riine minyengetro yaJesu, apo vakakumbira kuna tenzi kuti, "Tidzidzisewo kunyengetera!"

Hecho chidzidzo kwauriwo! Kuti unyatsonzwa simba rekunyengetera nesimba rakanga riina Jesu rekuita minana nezvishamiso, unofanirwa kutevedzera kuzvipira kwaakange akaita pakunyengetera. Vanhu vakawanda vanodaminana nezvishamisouye vaneshungu dzekuratidza simba raMwari asi havadi kushandisa svumbunuro yacho inovhura zvese, kunova kunyengetera. Sezvakaratidzwa naJesu kunyengetera hazvireve kungwana mashoko nekukumbira zvinhu kubva kuna Mwari; kunoreva kushandurwa kwako. Paunenge uchinyengetera paye panekusimudzirwa kunoitika zvikuru sei kana uchitevedza mutoo wainama Jesu nawo. Ndirikuku kurudzira kuti utevedzere mhando yepamusoro yeminyengetero yayitwa naesu. Koshesa kunyengetera nguva dzese. Tanga nhasi. Nyengetera!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutevedzera kunyengetera sezvaitwa naJesu. Kunyengetera haisi sarudzo yandinogona kuita, asi chinhu chakakosha muhupenyu hwangu. Ndinotarudza kunyengetera! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 11:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Esiteri 6-10

**Zvirevo 3:13**

Munhu wana huchenjeri, anemufaro. Naiye munhu anowana njere.

Mari haishandure tsika nehunhu hwe-munhu asi inongoita kuti hunhu hwa-cho hubude pachena. Ndosaka uchiona kuti mumwe munhu akabata miriyoni yamadhora nhasi, unomuona svondo rinouya asisina kana kuti ave-kutotambudzika! Vamwe vanoerekana hupenyu hwavo hwakwirira vavevap-fumi, vozongoerekana vadonha ne-kuti vanenge vasina kushandisa pfu-ma yavo zvinehucheneri. Pfuma yavo inenge iripo nhasi, fume mangwana havasisina kana pekutangira. Haz-vishamise kana bhaibheri richitii pfuma inogona kungoerekana isisipo, sekub-waira kweziso uye kuti pfuma inoita mapapiro yobhururuka ichtiza (Zvirevo 23:5).

Hachisi chinhu chinyore kuvamupfumi. Vanhu vakapfuma vane ma-fungiro avanoita anokonzeresa kuti varambe vakapfuma uye varom-bo havamafungiro acho zvinova ndizvo zvinokonzera kuti varambe vari varombo. Kuva mupfumi kunoda muono, kuzvipira nekuvandudza hunhu hwako zvekugona kutonga mari kwete kutongwa nayo. Kup-fuma kunobva muhuchenjeri. Saka iva wakachenjera. Usashingairire kuwedzera mari yako asi kuwedzera huchenjeri, kuitira kuti kana mari yauya inogara.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Semunhu akapfuma, ndakazvipira kuvandudza hunhu hwan-gu, kuti ndivenepfungwa dzakapfuma nguva dzese. Kuwedzera kwandiri kuita huchenjeri hwangu kuri kukonzeresa kuti mari in-ditevere. Mari irikudururuka ichiuya muhupenyu hwangu zvichi-pa mbiri kuna Mwari! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 3:13-16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Ezira 7-10

**Isaya 49:15**

... Asi handingakukanganwe—kwete. Tarira, ndakakunyora pazvanza zvan-gu.

Pane nguva here yawakambonzwa kunge usirikuonekwa, usisazivikanwe, wakanganwika? Kunyangwe mugore rino remukaka nehuchi urikushaya here kuti mukana wako wekufarawo uchavika rinhi apo urikuona vamwe vachifara vachipemberera zvinhu zvakanaka zvirikuitika muhupenyu hwavo?

Tina Mwari anonzwisa zvinoreva kukananganwika. Vanoti, “Vanhu vangu vandikanganwa” (Jeremiya 18:15). Varikuda kuti tizive kuti havambofa vakatikanganwa, zvekuti vakatonyora mazita edu muchanza chavo. Pavanenge vachivhura maoko aya kuti

vaperopafadza nefevha, zita rako rinowanikwa rakanyorwa muruoko urwu. Vakada kuvhura ruoko urwu kuti vatungamirire nekunyaradza nekuchengetedza, zita rako rinenge riripo zvakare.

Ndinoda kuti unyaradzwe nechokwadi chekuti unogara uchirangararirwa nekusingaperi neuyo anebasa zvikuru uye kuti gore harisati rapera. Richiri gore rako remukaka nehuchi, uye zvimvimo zvaMwari pamusoro pepenyu hwako hazvishanduke, uye ndezvechokwadi. Mwari vane chirongwa nehupenyu hwako chavari kushanda. Hauna kukananganwika uye zita rako rakanyorwa mukati memaoko avo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari anoziva zita rangu, uye zvimvimo zvavo pamusoro pangu hazvisanduke. Ndirikutaura ndiinekutenda kuti ndichapemberera chete. Rino igore rangu remukaka nehuchi uye nguva yangu yekuita mmemberera yasvika! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 10:23

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Nehemiya 1-5

**Ekisodho 3:8**

Ndaburuka kuti ndivarwire mumaoko avaljipiti, nokuvabuditsa munyika iyoyo, ndinovaisa kunyika yakanaka, huru, kunyika inoyerera mukaka nouchi, uko kunogara veKenani, nava Heti, nava Amori, nava Perezi, navaHivhi, nava Jebhusi.

Nguva inotora chinhu chichidururwa inonakidza kuongorora. Semuenzaniso kuongorora mafambiro ehuchi pahunodururwa yakasiyana nezvinoita zimwe zvinhu, nekuti huchi haumhanye pahunenge huchidururwa. Chakavanzika apa inyaya yekuti huchi hunomhanya kana kunonoka pahunenge huchidururwa zvichienderana nemamiriro ahwo. Kana kuchidziya hunomhanya kana kuchitonhora hunononoka kufamba. Uye kana hwakatetepa hine mvura yakawanda hunomhanya, kana hwakakora hunonoka.

Huchi hachisi chinhu chinogotapira chete asi chitratidzo chekuwanda kwezinhu. Pamwedzi yasara yegore rino dzamisa ndangariro dzakoufunge pamusoro pekuwanzwa kwezinhu zvirikuunzwa muhupenyu hwako naMwari. Dziyisa huchi hwako nerumbidzo nekutenda Mwari. Huchi hunodziya hunenge huine tumvura, uye mvura iyi ichabuda kubva mushoko raMwari! Wedzera shoko raMwari mumweya wako nemumukanwa mako. Pahunenge uchidaro uchaona zvinhu zvichiwanzwa muhupenyu hwako, rugare nemaropafadzo zvicuiyayo kwauri nyore nyore!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandiri kuzvinyika mushoko raMwari, ndichizadza mweya wangu nemuromo wangu nemashoko akanaka, ndiri kutema chirevo chekuti gore ra 2024 igore richaunza zvakawanda zvakakanaka muhupenyu hwangu! Sehuchi hunenge hwadziiswa nerumbidzo, ndirikukwezva maropafadzo aMwari, rugare rwake nekuwanzwa kwezinhu zvichiuya muhupenyu hwangu! Maita henyu Ishe Jesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Amosi 9:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Nehemiya 6-7

**Isaya 49:17**

Vana vako vanokurumidza, vaparadzi vako navanokuita dongo vachabuda mauri.

Kune kambani yekuChina yakavaka chivakwa chakange chakareba nemakamuri makumi mashanu nenomwe, uye zvaktorera kambani iyi mazuva gumi nepfumbamwe kupedza kuva-ka. Kuvakwa kwechivakwa chakareba kunoda kuronga kwakanaka uye kunoda hunyanzvi nekunyatsovaka zvakanaka. Zvisinei hazvo, kunyangwe chivakwa chikanyatso vakwa nehunyanzvi chichienda mudenga, chinogona kungoparadzwa nenguve pfuipfupi

Chimbofunga kuti zvakakutorera nguva yakareba zvakadii uchigadzira hushumiri hwako, bhizimusi rako kana hutano hwako kana wanano yako, kana kuvaka iwe! Zvinorwadza sei kufunga kuti

zvaunenge wapedzera simba rako uchigadzira kwemakore zvinogona kungo paradzwa nenguva pfuipfupi nezvikwata zvemadhimoni! Ukafunga pamusoro penguva nezvaunenge washandisa kuti uve zvauri nhasi, unotanga kunzwisisa zvirimuvhesi redu ranhasi.

Gore rino Mwari varikuvimbisa kuti hakuna chochashandiswa nemuven-gi kuti usabudirire chichashanda uhupenyu hwako. Uchasimukira nenzira isati yamboonekwa, sechivakwa chinovakwa chichienda mudenga! Budiriro yako ichamhanya zvekuti muvengi achatadza kukumisa! Urimukundi uye ruoko rwaMwari rwuri kushanda muhupenyu hwako. Chikwata chevaparadzi vako chaenda hachicha dzoke!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Wese achayedza kukanganisa zvirikuvakwa naMwari mukati mehu-penyu hwangu achakanganiswa uye achanyadziswa! Zvikwata zvain-dirwisa zvadzinga kubva muhupenyu hwangu. Ndakagadziriwa budi-riro! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:31

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Nehemiya 8-10

**Mapisarema 35:27**

Ngavadanidzire nomufaro, vafare, ivo vanoda kururamiswa kwemhaka yangu. Ngavarambe vachiti, Jehovha ngaakudzwe, iye anofarira kufara kwomuranda wake.

Ndiribaba anodada nevanakomana vake vana, uye ndine vanakomana nevanasikana vepamweya vakawandisira vandinodada navo zvakare. Sababa vangu ndirikutarisira kuona vachikura kusvika pavanobva zera, tariro yangu iri yekuti vachakunda kudarika zvandakaita nekuvaka. Handisi kuda kuti vangogona zvinenzana neni kwete. Ndinoda kuti vadipfuure vaiite zviri nani pane zvandakaita! Sezvinongoita baba vepanyama vachinzwa mufaro wakanyanyisa mumwoyo wavo kana vavo vachibudirira, ndizvo zvimwe chete zvinoitwawo nababa vedu vekudnga avo vanofara nekudada nesu kana tichikunda nekubudirira tichiva vari nani kudarika vamwe uye tichiita zvikuru kudarika zvatingafungire nepfungwa dzedu!.

Mwari havafare kana vanakomana vavo nevanasikana vavo vachikundikana vachitambudzika. Havasekerere kana vachirwara kana kubhuroka, vachitambudzika nekunetseka. Chinofadza Mwari kukuona wakagarika.

Kugarika hazvireve kuva nemari chete – kunoreva zvakanakawanda. Kunosanganisira zvese zvinoita kuti hupenyu hwako huendeke – zvakanakawanda sekuvana nehutano hwakanaka, hukama nevamwe hwakanaka, runyararo nekugutsikana, kuwana fevha. Zvese zvekuti urame hupenyu hwakanaka! Ukagarika unofadza Mwari zvakananyanya! Ita sarudzo nhasi yekuti uwane rugare nenzira yese yangawane. Ita kuti Mwari vakudzwe, vadade newe, vasimudzirwe kuburikidza nekugarika kwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanofarira kugarika kwangu uye vanoda kuti ndivenezvakanakawanda muhupenyu hwangu. Kubudirira kwangu kunovapa mufaro wakawanda. Nhasi ndirikugamuchira rugare uye ndirikusarudza kubudirira munezvese zvandichaita kuitira kuti mbiri iende kuna Mwari kuburikidza nekugarika kwangu! Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 14:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Nehemiya 11-13, Mapisarema 126

**VaFiri 4:6**

Musafunganye pamusoro pechinhu chimwe; asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengereta noku-kumbira pamwe chete nokuvonga.

Nyika dzakawanda dzine makambani anoita basa rekuchengetedza hupenyu hwevanhu vanenge vakakosha. Vashandi vemakambani aya vanotanga vaongorora nekutsvaga zvingagone kupinza munhu anenge achichengetdzwa asati asvika kana kupinda panzvimbo. Nzvimbo iyi kana ichinge yaongororwa, haku-na mumwe munhu anozobvumidzwa zvakare kuipinda kunze kweavo vane mvumo yekupinda. Nzvimbo iyi inogadzirwa zvakare kuti ienderane nezvinenge zvichidiwa nemunhu akakosha uyu. Zvese zvinenge zvakagadzirirwa kuti kuve nenharaunda yakanaka yekuti zvinenge zvakarongwa zvibudirire. Kunyengetera kunotevedzawo nzira yatataura iyi.

Munyengereta mutumwa – inzira, muchengetedzi anoita kuti mweyamutsvene aende pamberi pako nguva dzese. Usati wapida mumwedzi munyowani, munyengetero wako unenge watosvika kare ukasora mamiriro anenge akaita mwedzi uyu nekunyararidza chese chingade kukutyichidzira. Munyengetero unoita kuti zvaunenge watendera kuti zvipinde newe mumwe mutsva, uye unogadzira nharaunda kuti igoenderana nezvinenge zvarongwa naMwari pamusoro pako ugobudirra.

Patatarisana nemwedzi mutsva, gadzirira kupinda mumwedzi unemukaka nehuchi. Semunhu akakosha kuna Mwari gamuchira mumwe mukana waurikupihwa uwo wakagadzirwa nekunyengereta.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandirikupinda mumwedzi mutsva uyu ndirikutarisana nezvese zvakanangana neni ndisingambotywa, ndichiziva zvakare kuti munyengetero wangu wakatoenda kumberi ukagadzirisa zvese. Zvese zvehupenyu hwangu zvangova mukaka nehuchi.

MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 29:11

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI MUKATI MEMAZUVA 365

Vhesi Rako Ranhasi: Maraki

Psalm 29:11 (KJV)

The Lord will give strength unto his people; the Lord will bless his people with peace.

John 14:27 (KJV)

Peace I leave with you, my peace I give unto you: not as the world giveth, give I unto you. Let not your heart be troubled, neither let it be afraid.

John 16:33 (KJV)

These things I have spoken unto you, that in me ye might have peace. In the world ye shall have tribulation: but be of good cheer; I have overcome the world.

2 Thessalonians 3:16 (KJV)

Now the Lord of peace himself give you peace always by all means. The Lord be with you all.

Romans 15:13 (NLT)

I pray that God, the source of hope, will fill you completely with joy and peace because you trust in him. Then you will overflow with confident hope through the power of the Holy Spirit.

Colossians 3:15 (KJV)

And let the peace of God rule in your hearts, to the which also ye are called in one body; and be ye thankful.

1 Peter 2:24 (NLT)

He personally carried our sins in his body on the cross so that we can be dead to sin and live for what is right. By his wounds you are healed.

Isaiah 53:5 (KJV)

But he was wounded for our transgressions, he was bruised for our iniquities: the chastisement of our peace was upon him; and with his stripes we are healed.

Psalms 41:3 (NLT)

The Lord nurses them when they are sick and restores them to health.

Jeremiah 33:6 (KJV)

Behold, I will bring it health and cure, and I will cure them, and will reveal unto them the abundance of peace and truth.

3 John 1:2 (KJV)

Beloved, I wish above all things that thou mayest prosper and be in health, even as thy soul prospereth.

Psalms 147:3 (KJV)

He healeth the broken in heart, and bindeth up their wounds.

WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWAKO HERE?

**TINOKUKOKA KUTI UITEJESU KRISTU TENZI
NEMUPONEI WEHUPENYU HWAKO
KUBURIKIDZANEKUNAMATA UCHITI**

**ISHEWANGU NAMWARI WANGU NDINOYUA
KWAMURI NEZITAJESU KRISTU. NDINOTENDA
NEMWOYO WANGU WESE KUTIJESU KRISTU
MWANAKOMANA WAMWARI VAPENYU. INDINO-
TENDA KUTI VAKANDIFIRA UYEKUTI VAKAMUTSWA
KUBVA KUVAKAFA NAMWARI. NDINOTENDA KUTI
NANHASI VAPENYU. NDINOPUPURA NEMUROMO
WANGU KUTIKUBVIRA NHASI JESU KRISTU NDI-
YEAVE TENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWANGU.
KUBURIKIDZANAYE UYENEZITA RAKE NDAVENEHU-
PENYU HUSINGAPERERE; NDAZVARWA PATSWA.
NDOKUTENDAI I SHE WANGU KUTIMAPONESA
MWEYA WANGU. NDAVE MWANA WAMWARI**

**MAKOROKOTO!
WAVEMWANA WAMWARI.HARERUYA!**

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

**UK: +44 3333 448 612 / USA +1240 781 6942
RSA +27 51 004 0209**

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

MAGWARO NDIMA YEKUDZIVIRIRA

ISAYA 54:

14 NDICHASIMBISWA MUKURURAMA NDI-
CHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA HANDIN-
GATYI UYE NDIRIKURE NEZVINOTYISA

15 PAKAITA ANONDIRWISA, HANDITOMBO-
FUNGA KUTI VATUMWA NAMWARI, UYE
KANA VAKANDIRWISA NDINOKUNDA

16 MWARI AKASIKA MUPFUURI ANOPFUTID-
ZA MAZIMBE MUMOTO NOKUITA NHUMBI
YEBASA RAKE NDIYE AKASIKA MUPARADZI
KUTI APARADZE

17 HAKUNA NHUMBI YOKURWA INOPFUR-
WA KUZORWA NENI, ANONDIPAOMERA
MHOSVA ACHANZI MUNYEPI. NDIRIMU-
RANDA WAMWARI UYE MWARI VANOITA
KUTI ZVINHU ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

**NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI UYE
HAZVIKONDI NEZITA RAJESU!**

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH

OUR MINISTRY IS THE BIGGEST STAKEHOLDER IN THE PROPHETIC

Prophet Uebert Angel is the Founder of Spirit Embassy The GoodNews Church and is regarded as the godfather of the modern-day prophetic movement. He is a leading global voice and pioneer of cutting-edge prophetic demonstrations, thus being the biggest stakeholder in the prophetic, as God has called him to lead the prophetic movement in this last dispensation.

Spirit Embassy The GoodNews Church is also synonymous with deep revelations, miracles, signs, and wonders as well as unique manifestations of the power of the Holy Spirit. As the prophet to Christianity, Prophet Angel has also raised powerful men and women of God all around the world, who are making an impact in changing lives every day.





**“A GLOBAL VISION
REQUIRES A GLOBAL
BUDGET, BECOME A
GOODNEWS DAILY
PARTNER TODAY”**

**PROPHET
UEBERT ANGEL**

www.goodnewsworld.com/gndpartner





SUBSCRIBE TO OUR YOUTUBE CHANNEL



GoodNews Daily Devotional
1,045,342 views

36K 0K



**GoodNews Daily
Devotional**
100K Subscribers

Subscribed



Like Comment Share





The Good News World Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

ZWE: +263 773 195 955

RSA: +27 (51) 004 0209

www.goodnewsworld.com